ФИФЕ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЕ ХЕКІЫНЫГЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№21 (21.929) ● 2011 гъэм мазаем (февралым) и 8, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru



СурэтырМАМИЙ Руслан трихащ.

КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен Азербайджаным щыщ дин лэжьакІуэхэр иригъэблэгъащ

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыхьэщІащ щеІульиислам Пашазаде Аллахшукюр хьэжьыр я пашэу Азербайджаным къикІа гупыр. Кавказ Ищхьэрэм и муфтийхэм я Зэгьэгъэпэ советым и тхьэмадэ Бердиев Исмэхьилэ гъэсэу республикэм къэкІуахэм яІущІащ КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен. ЗэІущІэм щытепсэлыхьащ дин экстремизмым пыщІа Іуэхуэхэмрэ ар гъэкІуэдыныкІэ зэфІагъэкІэмрэ.

«ДЭ ТКІИЙУЭ дабгъэдыхьэнущ щыхуэ лажьэншэхэм я пэрэ зыгъэнхэм. Абыхэм лъэпкъи, хабзи, уеблэмэ, нэхъ щынагъуэ дыдэр арщи, благъагъи кьрадзэркъым, Кавказым лЭщІыгъуэкІэрэ щыІэтеуэ зэхэтыкІэр кьыІэпауд. Дэ нэхъыжьхэм ІущІэ яхуэтщІу,нэхьыщІэхэм дахуэсакьыу дагъэсащІ. Нобэ ди деж щекІуэкІэхэр ди хабзэхэмя динмя къесэгъэыркъым», - жиІащ Къанокъуэ Арсен.

Шейхульисламым къыхигъэщхьэхукІащ ар жьылагъэ псом и дежкІэ зэрыгуэвэгъуэр: «Мамырыгъэм тещІыхьа диныр ІэщІыб ящІмэ, ар я тегъэщІапІэу, я кьуэши я адэ-ани щымысхьу залымыгъэхэр зэхащІыхьмэ, дэ абихэм едгъэлъагъун хуейщ ар ди диным къызэремызэгъыркІи анхуэдэ тегъэщІапІэ яІущу зэрахуэдмыдэнур. Абы къыдэкІуэу, дэ хуабжьу тфІэпсэкІуэд мэхъу ар щыІэ пІуэхІакІэмкІэ къагъэсэбэп щІалэгъуалэр».

Нэхъ щынагъуэ дыдэр арщи, щыжаІащ зэІущІэм, щІалэгъуалэр езыгъаджэр, езыхэм къаззэрыщІхьуэ хуэдэу, щІэныгъэ нэс зыбгъэдэлъ дин лэжьакІуэхэркъым, атІэ КъурІэным щыщ сурэ щхьэхуэхэр зэзыгъэщІа къызэрыгуэкІ щІэпхъаджащІэхэрщ. Муслымэн нэсым ЕщІэ кьищтэу зэи и адэм пэщІэувнукъым. Мис а псори, сыт хуэдэ Іэмалкі? мыхъуми, дэ щІалэгъуалэм ягурыдгъэІуэн хуейщ.

ЗэІущІэм хэтахэр тепсэлыхьащ диныи зи гъащІэ хуэзыгъэпсыну мурад зыщІахэм исльамым и хабзэхэр тэмэму зрагъэщІэфын папщІэ дин еджапІэ къызэІухынымкІэ щыІэ Іэмалхэм. ЗэІущІэм и кІэухым Къанокъуэ Арсен къыхигъэщащ Кавказым исхэр политикэ льэныкьуэкІи я псэуэкІэкІи ижь-ижьыж льандэрэ бдыдэу зэрыгъэпыщІар, апхуэдэ зэкъуэщІыгъэмрэ зэныбжьэгъугъэмрэ нэхъри гъбыдэн зэрыхуейр.

Правительствэм и Унэм щекІуэкІа зэІущІэр ихуа нэужь, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен, республикэм и дин лэжьакІуэхэр, Азербайджаным къикІа хьэщІэхэр КъБР-м и Муслымэнхэм я Іуэхущ1апІэм и тхьэмадэу щыта, щІэпхъаджащІэхэм яуку щыта, щІэпхъаджащІэхэм яуку Пщыхьэщ1э Іэнас и унагъуэм ихьащ.

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

ПУТИН Владимир:

ЦІыхухэр къызэрытщыгугъым хуэдэу дакъыхущІэкІын хуейщ

«Урысей зэкъуэтым» и Тхьэмадэм щыналъэхэр къызэкІуахь

Псэупіэ-коммунальнэ Іуэхущ1апІэхэм я Іуэхутхьэбзэхэм пэкІуэу унагъуэхэм хэхъуэу кьаІэрыхьэм и процент 22-м щІигъу ятмэ, апхуэдэхэм субсидиехэр яхуэхъун хуейщ. «Урысей зэкъуэт» партым и Тхьэмадэ, УФ-м и Правительствэм и Унафэщі Путин Владимир апхуэдэу щыжиІащ партым и Киров щІыналъэ къудамэм хэтхэм я зэІущІэм. Абы кьыхигъэщхьэхукІащ субсидиехэр яратын папщІэ тхьилъхэр зэрагъэхьэзырыр нэхъ къызэрыгуэкІыу зэрызэтегъэувапхьэр.

ЗЭІУЩІЭМ кьыщаІэта Іуэхуэхэм ящыщщ щІыналъэ псоми я дежкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэу къальитэ Іэнатіэр - узыншагъэр хьумэныр къэгъэщІэрэщІэжьныр. Премьерым зэрыжиІамкІэ, абы бюджетым кьыхэкІыу ахьшэшхуэ трагъэкІуадэ. «Технологие льагэхэм ятещІыхьа медицинэ дэІэпыкьуныгъэм зедгъэужьуэ, дэ дыхущІокъу щІыналъэ псоми цІыхухэм медицинэ Іуэхутхьэбзэхэр зэрыщыхуащІэр едгъэфІэкІуэну. Мы лэжьыгъэм езы щІыналъэхэри кьыхихьэну, езыхэм я деж щыІэ щытыкІэмкІэ жэуапир я пщэм дальхьэжьыну кьапэщІтщ, - кьыхигъэщхьэхукІащ Путин Владимир.

Премьерым зэрыжиІамкІэ, и мыхьэнэр зыкІи нэхъ мащІэкъым егъэджэныгъэм и иджырей мардэхэр гъэувыным икІи абы мы зэманым йолэжь УФ-м ЕгъэджэнкІэгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министрествэм и Іуэхущ1апІэм. «Быдэу фи фІэщ фщІы: мы министерствэм бийхэр, экстремистхэр щІэскъым, ауэ абыхэм зыхуагъэувыж кьалэнхэр гъэхуауэ, ялэжьыну я мурадхэр гурыІуэгъуэу ямыгъэпсыфауэ аращ. Шэч кьытехьэркъым а псори абыхэм зэрагъэтэмэмыжьыфынум. ЕгъэджэныгъэмкІэ мардэщІэхэр жылагъуэм, езы Іэнатіэм пэрыт егъэджакІуэхэм кьаэрыщІыхьур кьэльытэн, а мардэхэр кууэ зэпкърыхьын хуейщ».

Премьер-министрым зэІущІэм хэтахэр кьыхуриджащ цІыхухэр кьаэрыщІугъым хуэдэу лэжьэну. «Хэхьныгъэхэр ауэ сытми дытекІуэн папщІэ едгъэкІуэкІыжу аракъым. Сыт а хэхьныгъэхэр зэрытщІынур, сыт абыхэм дащытекІуэн щІыхуейр? ЦІыхухэм зыгуэр яхуэтщІэн, защІэдгъэхъуэн папщІэу. Апхуэдэу щыщІыгъуэ, дэ абыхэм кьагурыдгъэІуэн хуейщ мурад пэжжэр дигу зэрильыр, хьэлэну дахуэлэжьэну дызэрыхьэзырыр», - кьыхигъэщхьэхукІащ Путин Владимир.

ШУРДЫМ Мадинэ.

УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыІэ Хлопонии Александр иджыблагъэ Есэнтыгу къыдэм щІэуІащІ округым и Іэхьыжьхэм я советым хагъэхьэн папщІэ къагъэтэгъуэ кандидатхэм. А советым хнубыдэу.

Нэхъыжьхэм я советым хэтынухэм яІуощІэ

ПОЛНОМОЧНЭ лІыкІуэм зэІущІэм и пэщІэдзэм хьэщІэхэр кьыхуриджащ псалъэмакъыр нелъэкІ-кьеХьэкІ хэмылъу ирагъэкІуэкІыну. «Мы Іуэхумкіэ сынывэнджэщыну сыхуейщ: языныкъуэхэм кьыІэрагъэтынкІэ, Нэхъыжьхэм я советхэр иджырей зэманым кьеІэгъыжьыркъым, адрейхэм быдэу я фІэщ ящІ мэхъу ар нэгъэсауэ зэрыхабзэфІыр икІи Кавказым щыІэтегъэувэжын зэрыхуейр. Апхуэдэ советхэр иджыпсту ди округым хиубыдэ ящыныкъуэ субъектхэм щыІэкъым. АтІэ дэ ар кьыІэдгъэпэщІын хуейуэ пІэрэ?» Сыхьэтитікъэ ирагъэкІуэкІа псалъэмакъым кьыІэрыхьэщамкІэ, апхуэдэ зэгуэныгъэхэр кьыІэгъэпэщІынхьэщ.

ДыІэрыщІыгъуэзэщи, Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым и Жылагъуэ советым и япэ конференцыр 2010 гъэм дыгъэгъаз мазэм екІуэкІащ. Абы кьыщащта унафэхэм ящыщщ Жылагъуэ советым хиубыдэу чэнджэщэгъу орган - Нэхъыжьхэм я совет кьыІэгъэтэгъуэвэжын зэрыхуейр. Апхуэдэ советхэр иджыпсту ди округым хиубыдэ ящыныкъуэ субъектхэм щыІэкъым. АтІэ дэ ар кьыІэдгъэпэщІын хуейуэ пІэрэ?» Сыхьэтитікъэ ирагъэкІуэкІа псалъэмакъым кьыІэрыхьэщамкІэ, апхуэдэ зэгуэныгъэхэр кьыІэгъэпэщІынхьэщ.

ДыІэрыщІыгъуэзэщи, Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым и Жылагъуэ советым и япэ конференцыр 2010 гъэм дыгъэгъаз мазэм екІуэкІащ. Абы кьыщащта унафэхэм ящыщщ Жылагъуэ советым хиубыдэу чэнджэщэгъу орган - Нэхъыжьхэм я совет кьыІэгъэтэгъуэвэжын зэрыхуейр. Апхуэдэ советхэм иджыпсту хуабжьу егъэпейтей урысей цІыхухэр, ахэр кьыІэхэкІа лъэпкъым емыльытауэ, зэкъуэзыгъэувэн папщІэпхэмрэ мурадхэмрэ зэрыщыІэмыІэм. Полномочнэ лІыкІуэр акъылэгъу хьэщ «дэтхэнэ сабийми ерэ фІырэ зэхищІыкІыу щыхуеижьыкъэм щегъэжьауэ тъэсэнныгъэ тэмэм егъэтъуэтын зэрыхуейм-кІэ. Дэ псоми фІыуэ тщІэн хуейщ ди деж къэралыбзэу кьыщащІыгъэ Іэнатіэхэм я лІыкІуэхэм захуегъазэ терроризмым пэщІэтыным кьарууэ яІэр хуэзщІагъэуІуэну кьыхуриджэу.

Псоми ди зэхуэдэ кьаІэныр ди республикэм щыІэ зэпІэзэрыгъэгъэ хъумэныращ. Мамырыгъэмрэ зэгурыІуэныгъэмрэ псоми ди зэхуэдэ фІыгъуэщ икІи ахэр дэ тхъумэн хуейщ.

Шей хадэхэр къызэхеплъыхь

АБХЪАЗ *Премьер-министр Шамбэ Сергей Очамчыр куейм и шейуэдэ щагъэкІ хадэхэр къызэкІиплъыхьащ. Ар щыІащ а Іэнатіэр щызэфІагъэувэж. абы техуэ лэжьыгъэшхэр щрагъэкІуэкІа къуажэ зыбжанэм.*

Апхуэдэуи абы щыгугъэ зэщІащ шейуэдэ щагъэхьэзыр Дранд, Кутол фабрикэхэм зэгъэпэщІжьыныгъэ лэжьыгъэхэр зэрыщекІуэкІым. Мыгувэу абыхэм ІэмэпсымэщІэхэр яІэрыльэнущ, шейуэдым иджырей технологиещІэхэмкІэ елэжьынущ.

Бэнакіуэхэр щагъэхьэзыр центр

АДЫГЕЙ. *Дзюдоистхэр щагъэхьэзыр центр Адыгейм къыщыззІуахыну я мурадщ. Абы техуэ зэпсэльъэныгъэхэр ирагъэкІуэкІ.*

Республикэм и Іэтащхьэ ТхьэкІэлушынэ Аслъэнджэрий щыІущІам Адыгей къэрал университетым физкультурэмрэ дзюдомкІэ и институтым и ректор Къуэблэ Екъуб къызэрыхигъэщамкІэ, я мурадым техуэу хэзыбар УФ-м спортымкІэ, туризмымрэ щІалэгъуалэ политикэмкІэ и министр Мутко Виталий Іэригъэхьащ. Апхуэдэу кьыхигъэщащ блэкІа лІэщІыгъуэм и 60 - 70 гъэхэм кьыщыщІэдзауэ бэнакІуэхэр гъэхьэзырыныкІэ щІэнигъэ, опыт республикэм зэриІэр.

А проектыр пхырыгъэкІыныкІэ дзэпыкьыгъуэгу хъуну Кубэблэр кьигъэгугъащ ТхьэкІэлушынэ Аслъэнджэрий.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

«Бахьсэн кьалэм 2010 гъэм фэтэр куэд хьу унэхэр кьызэхьуэтыншэу щІэзгъэпэщІыжьын: муниципальнэ программэм ипкъ иткІэ, псэупІэу 25-рэ зыхуей хуагъэзащ.

ПСОРИ зэхэту а Іуэхум сом мелуан 45-рэ мин 499-рэ хухахащ. Абы щыщу сом мелуан 40,7-р ЖКХ-м щекІуэкІ реформэхэм я щІэгъэкьуэн фондым, мелуани 2,5-р республикэ бюджетым щыщщ, мелуани 2,3-р псэупІэр зейхэм я мылькущ.

Унэ кІуэцІхэм я ток, хуабэ, газ, псы кІуапІэхэр, псы гуэшІапІэхэр жьы хьуати, ахэри яхьэжащ. Кьагъэсэбэпхэр зыхуэдизыр кьызэрапщытэ Іэмэпсымэхэр щагъэуващ, лифтхэм пкьыгъуэ зи пІалъэр нидахэр зэрахьуэкІащ, унащхьэхэр, щыынэхэр зыхуей хуагъэзащ, ІуплъапІэхэм я якІ яІапІэхэр ягъэбащ.

ТЫЭЩ Элинэ.

●Бахьсэн куэй

Кьызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыж

«Адыгэ псалъэр» кьыфІэрыхьэну фыхуеймэ

Ди щІэджыкІакІуэ лъапІэхэ!

Ди газетым мазаем и 28 щІондэ Іэ тевдзэмэ, ар ныфІэрыхьэнущ гъатхэпэм и 1-м щыщІэдзауэ.

Мазиплым ди газетым и уасэщ сом 237-рэ кІэпІейкІэ 40-рэ.

«Адыгэ псалъэм» Іэ щытевдзэ хъунущ республикэм и пощт Іуэхущ1апІэ псоми.

Ди индексыр 51531

ЗэпщІэувахэр зопсалъэ

Египетым и властхэмрэ абыхэм ящыщІэтхэмрэ зэкІэ зэгурыІуэркъым, ауэ зопсалъэ. ЗыкъэзыІэтахэм зэбгрыкІыжын ядэркъым. Абыхэм къагъэуІэн къэралым и президент Мубарак Хосни и къулыкъым текІыну. Властхэм зыкъэзыІэтахэр къагъэугъащ мыгувэу екІуэкІыну президент хэхьныгъэхэм Мубарак и кандидатурэр кьыщамыгъэлъэгъэнущ.

Къэралым Іуэхущ1апІэхэр щылажьэркъым, тыкуэнхэр зэрызэхуэщІам кьыкІэкІыу цІыхухэр ерыскъыпхъэхэмкІэ гугъу йохь.

Египетым мы зэманым зыщагъэпсэху Урысеймэ икІа турист мини 6-м хуэщІащ. Турист Іуэхущ1апІэхэм ахэр зыхуей хуагъэзэфыркъым. Абы кьыхэкІыу, зэрызагъэпсэхун хуей пІалъэр имыуахам, УФ-м мыгувэу кьагъэсэжьыну кьыщІэкІынщ.

Щтырыгъум щахъумэн папщІэ

Москва и коммунальнэ Іуэхущ1апІэхэм щІымахуэр къызэрихьэрэр щыхьэрым дашащ уэс тонн мелуан 17.

Нэхъ мыхьэнэшхуэ зиІэ гъэзугъэм уэсыр щыгъуэкІэ щагъэткІуащ. Щыхьэрым транспортымрэ щтырыгъым щыхьумэным хуэсакъэр иджыри бэлэрыгъыркъым - щІымахуэр ихьнымк иджыри зыкъом иІэщ.

ЩІыпІэ куэд

Къэрэшей-Шэрджэсым тхьэмахуэ жэщым жьышхуэ къыщепщащ. Абы и эрэнкІэ щІынальэм и къуажэ куэд уэздыгъэнщІу къэнащ.

ЩІыпІэ унафэщІхэм цІыхухэр къагъэгугъэ мазаем и 8-м и щэджагъуэм фІэмыкІыу электрокъару зэрыкІуэ кІапсэхэр зэпащІэжьыну.

Зы тхьэмахуэ дэкІмэ

Дохутырхэм къызэралыдтэмкІэ, мазаем и зэхэдитІэхэм ирихьэлІау къэралым и щыпІэ куэдым нэхъ мащІэ щыхъунущ пыхуэсыхуэ узыр зыпкърытхэр.

Мы зэманым абы гугъу ирегъэкъ къэралым и щыналъэ 60-м щІигъум щыпсэуэ. Псалъэм и хьэтыркІэ, Москва уз зэрыщІалэр тхьэмахуэ зэхуэкъуэм кьрибыдэу цІыху мини 160-м къащІоуплІэ, махуэ кьэс сымаджэщхэм цІыху 500-м щІигъу щыщІащІэгъэгъуалъхээ.

Дзэ топографым и махуэщ

◆ 1943 гъэм советыдзэхэм фашист зэрыпхъуакІуэхэм къыІущІагъэкІыжащ Курск къалэр.

◆ Мазаем и 8 - 11-хэм Нью-Йорк щекІуэкІынущ ООН-м и Сабий фондым и Гъэзэщ1акІуэ советым и япэ сессиер.

◆ Мазаем и 8 - 9-хэм Москва щекІуэкІынущ «Урысейм электрон ІэмэпсымэхэмкІэ щащІэ финанс Іуэхутхьэбзэхэмрэ зэрыщыплажьэ технологиехэмрэ» XI дунейпсо форумыр.

◆ Илъэси 105-рэ и пэкІэ кьалъхуащ Америкэм щыщ физик, кьерокопием и Іэмалыр кьэзыгупсыса (1938) Карлсон Ф. Честер (1906 - 1968).

Пліанэлэр зыгъэхьэзырар ШАЛ Мухьэмэдщ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІыхубэм Зэрызахуигъаззэм и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ:**

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІыхубэм Зэрызахуигъаззэр (мы Унафэм щыІэущ) къэщтэн.

2. ЦІыхухэм Зэрызыхуагъаззэ а тхыгъэр щІыхубэ хъыбарегъащІэ Іуэхущ1апІэхэм хэІущІыІу щицІын.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі ЧЕЧЕНОВ Ануар

Налшык къалэ
2011 гъэм мазаем и 3-м
№622-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым 2011 гъэм мазаем и 3-м къыдигъэкІа Унафэ №622-П-П-м и гуэдзэн

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІыхубэм

ЗЭРЫЗАХУИГЪАЗЭР

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентыр икъукІэ тогуэзэныкъ экстремизмымрэ зэрызэрыщІмрэ я Іэужьу зэхащІыкьэкІэ зэрыхьэрэ, къэралъ, муниципальнэ властым, жылагъуэ, дин зэгуэныгъэхэм, хабзэхъумэ органхэм я лэжьакІуэхэм яукІыну зэрытеуэм.

Лъэпкъ куэд зэрыс ди республикэм сыт щыгъуи интернационализмымрэ тэмакъкІыхьаГъымрэ щытепщэрт, абы щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэр кьулейт икІи куэду зэхэлът. Зэкъуэшхэр зэрыныгъэкІыж хабзэ щІэпхъаджэу хамэ щІыпІэхэм кьытхурахар икІи ди хэкуэгъуэхэм я гъащІэр зытекІуадэр хуэунэтІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыхубэр гъэшынэным, властым и тегушхуэныгъэр кьызэпыудыным, жылагъуэ зэкъуэтыныгъэр зэтекъутэным икІи нэхъ гущІэгъунэ, законым кьемызэгъ Іэмалхэмкіэ политикэ е нэгъуэщІ мурадхэр зэгъэхъулІэным.

Нобэ терроризмыр лъэпкъ псоми я дежкІэ шынагъуэщ, абы и Іэужьхэр щыплъагъур щІыналъэкІэ пыухыкІауэ - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм, Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым, Урысей Федерацэм ятещІыхьауэ щыткъым. Ауэ терроризмым кьэкІуэн ипэкъым, абы ебэныныр псомэ ди зэхуэдэ кьалэн нэхъыщхьэщ, ар нэгъэсауэ щыпхудгъэкІынури кьэралымрэ жылагъуэмрэ я зэфІэкІ псори тэмэму зэщІэбгъэуІуэмэщ. Терроризмым дытекІуэнымкІэ хэкІыпІэ кьэхьащІэ - жылагъуэм и кьэру псори зэкъуэту абы пэщІэгъэувэнырщ. Дэ дыдоІыгъ терроризмыр гъэкІуэдыным хуэунэтІауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къыдэхэсу зэфІигъэкІ Іуэхуэхмрэ. Ахэр политикэ, социально-экономикэ Іэнатіэхэм, адрей Іэнатіэхэм я гъэзэщІа щхьэ. Дэ фыкъыхуддоджэ республикэм и унафэщІхэм псэуКІэр егъэфІэкІуэным хуэунэтІауэ, дыщалъхуэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ абы исхэмрэ яфІ зыхэлъхэм ящыщ ирагъэкІуэкІ политикэм зэхэщІыкІ фхэлъу фыбгъэдыхьэну. Иджыпсту зэтеуда щытыкІэм тещІыхьауэ, дэ икъукІэ мыхьэнэшхуэ иІэу къыдольытэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыхубэм я кьэкІуэнымрэ хуэгъэзауэ яхь жуэупІр зэрызыхащІэр и лъабжьэу къэралым и органхэм, хабзэхъумэ органхэм, граждан жылагъуэ зэгуэныгъэхэм я кьарур зэщІагъэуІуэным.

Дэ щІыху лажьэншэхэр зэрауклар гущІыхьэ тщІохьу, абыхэм я Іыхьлыхэмрэ я благъэхэмрэ дахуэгузавэ икІи Къэбэрдей-Балъкъэрым исхэр хьухододжэ экстремистхэм я хьэгъэщІагъэхэмрэ абыхэм кьарагъэкІуэ псалъэмакъхэмрэ зыдрамыгъэхьэхыну, сакъыу, теубыдауэ щытыну.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэм республикэм и щІыхубэр кьыхуараджэ, ахэр къызыхэкІа лъэпкъкІэ е ябыгъ динкІэ зэрызэщхьэщыкІым темыщІыхьауэ, псоми ди зэхуэдэ гузэвэгъуэм пэщІэтын, апхуэдэ щІэпхъаджагъэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыналъэм дяпэкІэ зэи щымыІэн папщІэ зэкъуэтыну.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ди лъахэгъуэхэм я гурыщІэхэр ядиІыгъуэ икІи экстремистхэм я идеологием кІуэтэху зэрызиубгъуэн, терроризм гупхэр нэхъри ерыщ зэрекІуэм зэрытегузэвыхьыр республикэм и депутатхэм я щІэкІэ кьигъэльагъуэу, республикэм и щІыхубэм, жылагъуэм, къэралъ, муниципальнэ власт-тым и органхэм, хабзэхъумэ Іуэхущ1апІэхэм, щІыхубэ хьыбарегъащІэ Іэнатіэхэм я лІыкІуэхэм захуегъазэ терроризмым пэщІэтыным кьарууэ яІэр хуэзщІагъэуІуэну кьыхуриджэу.

Псоми ди зэхуэдэ кьалэныр ди республикэм щыІэ зэпІэзэрытыгъэр хъумэныращ. Мамырыгъэмрэ зэгурыІуэныгъэмрэ псоми ди зэхуэдэ фІыгъуэщ икІи ахэр дэ тхъумэн хуейщ.

АПК

Процент 11-кІэ нэхъыбэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэщІыжьэхэм нэгъабэ гъавэрэ джэшхэкІыу тонн мин 645-рэ кьрахьэлІэжащ. Ар ипэ ита илъэсым елытауэ процент 11-кІэ нэхъыбэщ.

СЭХУРАНУ тонн мин 44-рэ кьыщІалуКІащ, кІэртІофу тонн мин 226-рэ кьатІыкащ. Ахэр 2009 гъэм ящхьэфІэкІам, зэрызэкІэлъыкІуэм хуэдэу, процент 54-кІэ, процент 12-кІэ щІегъу. Пхъащхьэмахуэм мэракІуэу нэгъабэрейм хуэдиз - тонн мин 70-м щІигъу зэщІакъуэжащ.

Илъэс куэдкІэ кьызыпыкІэну жыг хадэхэр гектар 520-м щагъэтІысащ. Абы щыщу 120-р псынщІэу зызыужь лІэужьыгъуэхэм хуэдэщ, жызымейкэм гектар 150-рэ яубыд. Технологие пэрытым тету гъэ къэс гъэІэпхъэужу мини 700-м нэблагъэ щагъэкІыну питомникым гектар 26-рэ ухахащ.

ХадэхэкІыу тонн мин 338-рэ е 2009 гъэм ельытауэ процент 8-кІэ нэхъыбэ кьрахьэлІэжащ. А кьэкІыгъэхэр зэхуэщІауэ гъэкІыным жыджэру зрагъэужь. Псы зэрыщІагъэхь Іэмалыщ1эр кьагъэсэбэпуэр, нобэ унагъуэхэм теплицэ мыинхэр гектар 360-м щІигъум щызэрахьэ. Технологие льагэхэр кьыщагъэсэбэп «Агро-Конс» ООО-м и теплицэхэм нэгъабэ гектар 20-м нэскІэ зрагъэубгъуащ.

Бжьыхьэсэ кьэкІыгъэхэм гектар мини 101-рэ хухахауэ щытащ, иджы, нэгъаби хуэдэу, мы гъэми гъатхэгэр гектар мини 190-м щрагъэкІуэкІынущ. Абы ди мэкъумэщышІэхэм еужьэрэкІыу зыхуагъэхьэзыр.

САМЧЕНКЭ Светланэ.

Лей зезыхьэм къыщІэкІуэркъым.

●Къэрал къулыкъушIапIэхэм

Куэдым тращIыхь

Ди газетым зэрытетащи, КъБР-м и премьер-министр Меркулов Александр республикэм и Правительствэм и зи чэзу зэIущIэр мазаем и 4-м иригъэкIуэкIащ.

АБы ХЭТАХЭМ Iэхэгъуэ 17 зэпкърахащ. Зэхьыхэм япэу щыIэхэлъащ Къэбэрдей-Балъкъэрым исхэр зэушIэну псэуным хуэунэтIа 2011 - 2015 гъэхэм ятещIыхьа республикэ программэ хэхам и Iэхэкъ Правительствэм и унафэм и проектым.

Узынщагъэр хьумэныжкIэ министр **Амщокъуэ ФатIимэт** зэрэжиIамкIэ, ар ягъэзэжащ «Узынщагъэ» пIэлъкъ проект пэрытым инкъ иткIэ хьыкалъхьа унэтIныгъэщIэм зэрыщыубзыхуам тету. Узыфэхэр нэхъыбэу кьыхокI фадэмрэ наркотикхэмрэ, тутыным, тэмэму зэрымышхэм, я Iэпкъ-лъэпкъым зэрызрамыгъэужьым. 2009 гъэм ирагъэкIуэкIа къэпщытэнмрэ-пщынмрэ зэрыгъэлъэгуамкIэ, республикэм щыпсоуэхэм я процент 47-р тучанэ, процент 85-р физкультурэм пIэщIэщ, куэд фадэм итхьэкъуащ. Программэр зытещIыхьар ахэр ГъацIэ узынщэм хэщэжыныр, цIыхуэр а «узыфэхэм» ящыхъуэмырщ. Кьыдзхуэсахэр зэгурыIуащ республикэ бюджетым щыщу сом мелуан 15. 440-рэ я Iуэхум хухахыну.

КъыкIэлыкIуэу зэIущIэм щытепсэлъыхьащ «КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и апIарат» къэрал Iуэхущ Iапи кьызэрэпэщыным теухуауэ ягъэхьэзыра проектым. ЩIалэгъуалэм я Iуэхухэмрэ жылагъуэ зэгухьанысхэм ядэлажьэныжкIэ министр **Пащты Борис** зэрижиIамкIэ, аппара тыкIэ и къалэнщ Жылагъуэ палатэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым, къэрал властымрэ щIыпIэ самоуправленэмрэ я органхэм, жылагъуэ зэгухьанысгъэхэм, мыкоммерцэ, мыправительство организацэхэм зэрадзэкъэр инэнтIыну, республикэм и Президентым, Парламентымрэ Правительствэмрэ я зэрызыкуэгъазэхэр зытеуухуар зэпкърыхьныр кьызэрилъэпэщыну, щIыхухэмрэ республикэм и социально-экономикэ гъащIэм и лъэныкъуэ псори щыIэзэгъэIуэ Iуэхугъуэу 89-рэ Ахэр Iыхьа 19-у зэщIэкъощIхуаэу ягъэзэщIэнущ. Экономикэ зэIуэныныгъэмрэ сатумкIэ министр **Мусуков Алий** кьызэхуэсахэм ягу кIи-гъэкIыжащ планым и унэтIныгъэ щхьэхуэхэм теухуа Iуэхугъуэ пIуыпкIахэр илъэсым и япэ мазищым кьурибыдэу ягъэзэкъэзыфIи зэрыкуэйр икIи а лэжьныгъэр щIигъэкIуэфажьэну Iэнатlэхэм я лIыкIуэхэр кьуриуджащ.

Правительствэм хэтхэр арэзы техьауащ щIы Iыхьэхэр зы гупым кьыхэгъэкIыу нэгъэущIым хэгъэхьэным, гъавэ щIалIэу кьаГъэсэбэпхэр мэкъумэш Iэнатlэм пыщIа нэгъэущ щIы лIэужьыгъуэхэм хуэгъэкIуэным теухуауэ кьыхальхьа проектым. Абы иткIэ иткIэ, промышленностым, энергетикэм, транспортым, связым, радионэтынхэм, телевиденэм, информатикэм, хьэрщым ехьэлIа лэжьыгъэхэр егъэкIуэныным, зыхьужмэжьныгъэм, щынагъуэнщагъэм, нэгъэущI мурад пIуыпкIахэм папщIэ кьыгъэсэбэп щIыкIэм ягъэзэкIащ Май районым и гъавэ щIапIэм щыщу гектар 60, Шэджэм-Май автомобиль гъэзэгум кьыбгъурылъ хьупIэу гектариищ, Налшык кьалэм и гъунапкъэм хьыхьэу гектар 0,25-рэ.

Лэжьыгъэмрэ социальэ зыужьныгъэмкIэ министр **Тюбеев Альберт** кьыхилъхьэри, щIыхур псэуфи папщIэ хэхъ мащIэ дыдэу зыхуэфащ 2010 гъэм и епIанэ я 2-м щIегъэжьауэ тещIыхьауэ сом 4726-рэ, лэжьэгъэу ныбжьым итхэм папщIэ сом 5053-рэ, пенсэм щысхэм папщIэ сом 3722-рэ, сабийхэм папщIэ сом 4483-рэ хьуэ ягъэуващ.

Зэхьыхьэм щедэIуащ 2010 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхуэхэм лэжьыгъэр кьаазэремущIэжкIэ Iуэхугъэмэныным хуэунэтIауэ щIэхэуэу зэфIэгъэкIыпхъэхэм тещIыхьа программэм хуэхаха бюджет мыпхыр кьызэрагъэсэбэпа щIыкIэм теуухуауэ республикэм щIыхуэхэр Iэнатlэкlэ кьызэгъэпэщыныжкIэ и къэрал комитетым и унафэщI **Къуэдзокъуэ Мухьэмэд** жиIаэм. Абы кьызэригъэпэсыгъуаижкIэ, нэгъабэ а Iуэхум сом мелуани 145-рэ ним 440,6-рэ хухахащ.

Нэгъэущ Iуэхугъуэхэми щIыхэпIа зэIущIэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и Iуэхудзэхэу **Абрэдж Iэдиб, Ерчэн Темболт, Гертер Иван** , министрэхэр, къалэ, район администрацэхэм я Iэтащхьэхэр, къэрал комитетхэм я нэхъыжьхэр, ирагъэблагъэ кьулыкъущIэхэр.

ХЬЭЖЫКIЭРЭ Алик.

Мыдлъэ лъагэ хэм кьыщежьэри къурш уардэ зэрамышIэжхэм я зэхуаку лъащIэхэр къигъэсалъэу хъущIэу еуикIунрех, нэр пIэнихьу тафэхэм, гуп къэхъуэм кIуэдрыкIыну Iуащхэмэхуэрэ Каспий тенджызымрэ зэпыщIэ Бахьсэн псы уэр узыIэпщыщэм и Iуфэм 1934-1992 гъэхэм Iырныауэ вольфрам-молибден комбинатым и гуп зэкъуэтым дежьыгъэшхуэ щигъэхьеящ. Абыхэм я зэфIэкIыр къэрал псом щыIэзэлъащIысат. Совет хэкум и индустриер вольфрамрэ молибденкIэ щIэмычуэ кьыщIэригъэпэщыр.

СИ щIалэгъуэ МгущапIэ хуэхъуэ комбинатым 1944 гъэм слесарь-монтажникыщу сыцыри, механик нэхъыщхьэм сынэсащ. Абы кьыхэкIыу ар зэтетхьэкIыжу зэрыхъунум адрейхэм хуэмыдэу сэ нэхъыбэрэ согупсыс. Ауэ фейдэ пылъу пIэрэ я Iуэхум?

А упщIэ гуГъум икIи кьызэрымыкIуэм жэуап кьыдалъхьэн и пэ кьыхуэу, комбинатым и тхьэ кьулейм мащIэу сыкьытеувыIэнщ.

Дызэрыщыгъуаэщи, дунейпсо экономикэ кьаугъэ кьызэрадзэкIа Совет кьэралыгъуэм 1929 гъэм, нэгъэущIхэм я дэIэпыкъуныгъэм щымыгугъыу, щIыхуб хозяйствэм и Iэнатlэ псоми зригъэужьу щIидзащ. Абы папщIэ щIым и гъэтIылъыгъэкIэ кьэзыгъэкIуэным теуухуа Iуэхум къэралым и дэнэ щIыпIи щытрагуэшащ. Тырныауэ и къуршхэм вольфрамрэ молибденрэ зэрыщыIэр 1934 гъэм къэзыхуар Новочеркасск дэт политехникэ институтым геологиекIэ и факультетым щеджэ, Кавказ Ищхьэрэ къэтIыльхьаякIуэ Iуэхущ Iапи Орлов Борис зи унафэщI и гупым щыщ Флёровэ Верэщ. Ижьыкlэ 1955 гъэм щеджьауэ а щIыпIэр кьаугъэIурыщIэным кьарууштхэ ирихьэлIащ инженер-геолог кьызэфIэмыщIэж Хрущов Николай.

Совет Союз псом абы щыгъуэ зэдзэууэ щаухуэ Iуэхущ Iапи мини 9-р Тырныауз и вольфрамымрэ молибденымрэ хуабжьу хуэныкъуэт. Ахэр хэмыту электротехникэ аппаратурэхэр, кхъухьтатэкэр, автомобилхэр, гъущI быдзэм зэрелэжь Iэмэпсымэхэр, гъущIгъэткIу хьэкухэр, хьэрш кхъухьэр пхуэщIынутэкъым, дзэр пхуэзэщIуэзэдзэнтэкъым, къэралым и лъащIагъэр кьыпIхуэзэгъэпэщынутэкъым, нэгъэущI Iэджи пхуэзэфIэгъэкIынутэкъым. Абы кьыхэкIыу, и кьаруми и мыткъуми щымыслхьу Совет къэралыгъуэм Тырныауз комбинатыр щIалъэ кIэщIыпIи нухуащ, нэмыщ-фашист зэрыпхъуакIуэкэр ди щIым ирахужа нэужьи, зэфIигъэувэжащ. Нэгъэущу жьыпIэмэ, апхуэдизу гъэжьыгъэ щIращIэкIар гъущI щIуугъэнэхэр ящэну аратэкъым, атIэ Iэмал имыIэу зыкуей вольфрамрэ молибденкIэ кьэралым и промышленностыр ирикIуу кьызэрагъэпэщын щхьэкIэт.

Мыр кьыхэгъэщIапхъэщ. Iэщыпхъуэ блэкIам и 50 гъэхэм Тырныауз ейм нэхъыпэ вольфрамрэ молибденэу хуэди 2,5-кIэ нэхъыбэ зыхэлъ руда Совет Союзыр я щIэгъэкъуэну кьыщIахьин щIадза нэужь, ди деж щиуасэм нэхъ куэдкIэ нэжь пуду Китаймрэ Монголиемрэ ахэр кьыдащэу хуежьащ. Абы кьыхэкIыу, зи щIэуакIуэхэр, щыфIэкIуэда Тырныауз комбинатым и продукцэхэр ирилъэситым нэбгырабжкIэ хьумапIэхэм щигъэгъозырым и унафэщIхэм Тырныауз комбинатыр республикэм ей хуэдэу ирагъэтхащ. Ахэр егупсысакъым предприятэр зехьэным, къэгъэсэбэпыным ахъшэшхэу я зэрыхуейм, ди бюджетыр зэрынэщIым, апхуэдэу экономикэ и лъэныкъуэкIэ фейдэ зэрыпымыльыр кьрадзакъым. Арати, вольфрамымрэ молибденымрэ я ятпэрей щхьэхуэхэр зэрыбэхьаяр, нагъэущIхэр кьызэрыкIуэмыкIам кьэлэжьыщIэр дунейпсо рынокым щызекIуэ уасэхэм зэребэкIым я зэранкIэ, Тырныауз комбинат цIэрыIуэр кьызэтеувыIащ. Зи къэрал кьалэнхэр дапщэщи щIигъуу зыгъэзащIэу, Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Союз псомрэ зэрыпагэу, я щапхъэу щыта гупышIуэхэр лей хьауащ. Республикэм щымыкIа Iэнатlэу Iуэхугъуэхэм ящыщу къэбэгъэльэгъуэу хъунущ Iуащхьэмахуэ куейм кьыщIэхуибыдэ жьлагъуэхэр псы зэфэнкIэ нэсу кьызэгъэпэщыныр. Псы зрикIуэ бжьамрэ мини-гъэр зэкIуалIэ, зыуэ щыт псыжапIэ ин зэрагъэпэщ, псыдзэр зэтезыIыгъэхэмрэ кIэнауэхэмрэ ящI. Ильэси 2-3-м кьриубыдэу зэфIагъэкIыну я мурад, мы лэжьыгъэхэр зэфIыхьэмэ, абы Iэмал кьаритынущ гектар 400 хуэ «Iуащхьэмахуэ лъэпкъ паркым» и ухуэныгъэр зыхуей хуэзэу, дунейм и къэхъукъащIэ шынагъуэхэри зэран кьыхуэмыхьун хуэдэу яухуну.

ЛЪОСТЭН Музэ.

●Iуэху еплъыкIэ

Нэгъэущ Iу мыхъунумэ

Мыдлъэ лъагэ хэм кьыщежьэри къурш уардэ зэрамышIэжхэм я зэхуаку лъащIэхэр къигъэсалъэу хъущIэу еуикIунрех, нэр пIэнихьу тафэхэм, гуп къэхъуэм кIуэдрыкIыну Iуащхьэмахуэрэ Каспий тенджызымрэ зэпыщIэ Бахьсэн псы уэр узыIэпщыщэм и Iуфэм 1934-1992 гъэхэм Iырныауэ вольфрам-молибден комбинатым и гуп зэкъуэтым дежьыгъэшхуэ щигъэхьеящ. Абыхэм я зэфIэкIыр къэрал псом щыIэзэлъащIысат. Совет хэкум и индустриер вольфрамрэ молибденкIэ щIэмычуэ кьыщIэригъэпэщыр.

Щыгъуэ зэдзэууэ щаухуэ Iуэхущ Iапи мини 9-р Тырныауз и вольфрамымрэ молибденымрэ хуабжьу хуэныкъуэт. Ахэр хэмыту электротехникэ аппаратурэхэр, кхъухьтатэкэр, автомобилхэр, гъущI быдзэм зэрелэжь Iэмэпсымэхэр, гъущIгъэткIу хьэкухэр, хьэрш кхъухьэр пхуэщIынутэкъым, дзэр пхуэзэщIуэзэдзэнтэкъым, къэралым и лъащIагъэр кьыпIхуэзэгъэпэщынутэкъым, нэгъэущI Iэджи пхуэзэфIэгъэкIынутэкъым. Абы кьыхэкIыу, и кьаруми и мыткъуми щымыслхьу Совет къэралыгъуэм Тырныауз комбинатыр щIалъэ кIэщIыпIи нухуащ, нэмыщ-фашист зэрыпхъуакIуэкэр ди щIым ирахужа нэужьи, зэфIигъэувэжащ. Нэгъэущу жьыпIэмэ, апхуэдизу лэжьыгъэ щIращIэкIар гъущI щIуугъэнэхэр ящэну аратэкъым, атIэ Iэмал имыIэу зыкуей вольфрамрэ молибденкIэ къэралым и промышленностыр ирикIуу кьызэрагъэпэщын щхьэкIэт.

Мыр кьыхэгъэщIапхъэщ. Iэщыпхъуэ блэкIам и 50 гъэхэм Тырныауз ейм нэхъыпэ вольфрамрэ молибденэу хуэди 2,5-кIэ нэхъыбэ зыхэлъ руда Совет Союзыр я щIэгъэкъуэну кьыщIахьин щIадза нэужь, ди деж щиуасэм нэхъ куэдкIэ нэжь пуду Китаймрэ Монголиемрэ ахэр кьыдащэу хуежьащ. Абы кьыхэкIыу, зи щIэуакIуэхэр, щыфIэкIуэда Тырныауз комбинатым и продукцэхэр ирилъэситым нэбгырабжкIэ хьумапIэхэм щигъэгъозырым и унафэщIхэм Тырныауз комбинатыр республикэм ей хуэдэу ирагъэтхащ. Ахэр егупсысакъым предприятэр зехьэным, къэгъэсэбэпыным ахъшэшхэу я зэрыхуейм, ди бюджетыр зэрынэщIым, апхуэдэу экономикэ и лъэныкъуэкIэ фейдэ зэрыпымыльыр кьрадзакъым. Арати, вольфрамымрэ молибденымрэ я ятпэрей щхьэхуэхэр зэрыбэхьаяр, нагъэущIхэр кьызэрыкIуэмыкIам кьэлэжьыщIэр дунейпсо рынокым щызекIуэ уасэхэм зэребэкIым я зэранкIэ, Тырныауз комбинат цIэрыIуэр кьызэтеувыIащ. Зи къэрал кьалэнхэр дапщэщи щIигъуу зыгъэзащIэу, Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Союз псомрэ зэрыпагэу, я щапхъэу щыта гупышIуэхэр лей хьауащ. Республикэм щымыкIа Iэнатlэу Iуэхугъуэхэм ящыщу къэбэгъэльэгъуэу хъунущ Iуащхьэмахуэ куейм кьыщIэхуибыдэ жьлагъуэхэр псы зэфэнкIэ нэсу кьызэгъэпэщынныр. Псы зрикIуэ бжьамрэ мини-гъэр зэкIуалIэ, зыуэ щыт псыжапIэ ин зэрагъэпэщ, псыдзэр зэтезыIыгъэхэмрэ кIэнауэхэмрэ ящI. Ильэси 2-3-м кьриубыдэу зэфIагъэкIыну я мурад, мы лэжьыгъэхэр зэфIыхьэмэ, абы Iэмал кьаритынущ гектар 400 хуэ «Iуащхьэмахуэ лъэпкъ паркым» и ухуэныгъэр зыхуей хуэзэу, дунейм и къэхъукъащIэ шынагъуэхэри зэран кьыхуэмыхьун хуэдэу яухуну.

ЛЪОСТЭН Музэ.

●Зэ Iущ Iэхэр

Зыхунэмысахэри мащIэкъым

Наркотикхэм якIэлъыплъыныжкIэ Iуэхущ Iапи Iу КъБР-м и щыIэм щекIуэкIа зэIущIэм илъэс я лэжьыгъэм кърикIуэхэм щыхэпIахэу, 2011 гъэм гулъытэ нэхъ зыхуащIыпхъэ унэтIныгъэхэм кьыщытеувыIащ.

ИЛЬЭС кIуам республикэм и наркополицейхэм щIэпхъаджагъэ 645-рэ кьыщIагъэщащ. Абыхэм ящыщу 415-р нэхъ хьэлъэхэм хеуБыдэ. 10-р зэгъэуIуа бзаджащIэ гупхэм ялэжьащ. ЩIэпхъаджагъэу 148-р наркотикхэр щэным, 33-р афиныр гъэIепхъуэным пыщIащ. ЦIыхухэм кьытрахащ наркотикхэкIэ якъылыр зыгъэутхъуэ щхъухьу килограмми 120-м щIигъу, афиян щызрахьэлIэ зэхуэсIпIэу 37-рэ зэхуащIащ. 2010 гъэм уголовнэ Iуэху 346-рэ кьаIэтащ, административнэ къуаншагъэу 190-рэ кьыщIагъэщащ.

Наркотикхэм якIэлъыплъынымкIэ Iэнатlэхэм я кьалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ медицинэм емыкъылIауэ наркотикхэкIэр кьагъэсэбыпынымрэ кьызэпэуудыныр. Ар нэхъыбэу зыхуэгъэзащIэгъуэлэрщ. 2010 гъэм цIыху мин 40 кьызэщIыбыдэу апхуэдэ Iуэхугъуэ 780-м щигъу ирагъэкIащ. А лъэхъэнэм жылагъуэ администрацэхэм я Iэтащхьэхэр ящыIыгъу афиян кьызыхах кьэкIыгъэу тонн 81-рэ гектар 61-м щагъэкъэбзащ. Гулъытэ щхьэхуэ хуащIащ егъэжьанэгъэм пыща Iуэхущ Iапи Iэхэм ядэлажьэнымрэ. Фигу кьэдгъэкIыжьыщIи, НаркоIуэхущ Iапи Iэм и лэжьакIуэхэм я нэIэм щIэтщ республикэм и школхэмрэ еджапIэ нэхъыщхьэхэмрэ.

- Ди лэжьыгъэм кьрикIуахэр 2009 гъэм ельытауэ зыкъомкIэ нэхъыфIщ, арщхьэкIэ ныкъусаныгъэхэри щыIэщ, - жиIащ республикэм Наркотикхэм якIэлъыплъыныжкIэ и Iуэхущ Iапи и унафэщI **Кульбаев Руслан.** Зыхунэмысахэм гулъытэ хуащIыну, ахэр кьэзыша щхьэусыгъуэхэр зэрагъэзэжыну Iэмалхэр яубзыхуну кьыхэхуриидкащ абы.

Зэ Iущ Iэм кьыщащIэльэгъуащ Iуэхущ Iапи и район кьудамэ языныкъуэхэм я лэжьакIэр, зэщIэгъэуIуа бзаджащIэ гупхэр сэтей кьэщIыныр, наркотикхэр щызрахьэлIэ зэхуэсыпIэхэр гъэкIуэдыжьыным хуэунэтIауэ зэфIагъэкIэр арэзы кьэзымыщIэм зэращIыщыр.

Кьагъэльэгъуэ гугъуехьхэм, ахэр гъэзэкIуэжьыным и хэкIыпIэхэм теухуа псалъэмакъым хэтащ КъБР-м и Президентым и Администрацэм, республикэ, Налшык кьалэ округымкIэ прокуратурэхэм, Урысей ФСКН-м и аппарат нэхъыщхьэм я лыкIуэхэр.

Хабзэ зэрыхъуауэ, кьыхэжаныкIа лэжьакIуэхэм зэIущIэм и кIэухым сауГъэтхэр ираташ.

СУАНОВЭ Зилинэ.

Iулъхьэр Iэщ Iыб тхуэщ Iыну?

Iулъхьэ кьеIыхьыным щхьэусыгъуэ хуэхьуэхэр гъэкIуэдыныжкIэ жылагъуэ Iуэхущ Iапи Iэхэм ящыщ щытепсэлъыхьащ КъБР-м ЩIалэгъуалэм я Iуэхуэмрэ жылагъуэ зэгухьанысхэм ядэлажьэнымкIэ и министерствэм иджыблагъэ щекIуэкIа зэIущIэм.

АБы ХЭТЫНУ кьрагъэблагъэат министерствэ, ведомствэ зэмылIуэжьыгъуэхэм, жылагъуэ Iуэхущ Iапи Iэхэм, щIыхуб-хьыбарегъащIэ Iэнатlэхэм я лIыкIуэхэр, республикэм и гъащIэм жыджэру хэт щIалэгъуалэр, диным и лэжьакIуэхэр.

ЗэIущIэр ирагъэкIуэкIащ министерствэм щIалэгъуалэ политикэмкIэ и департаментым и унафэщI КIурашин Анзоррэ абы и кьудамэм и унафэщI Шыбзыхьэ Залымрэ.

Зэхьыхьэм и япэ Iыхьэр текуат министерствэм и жэрдэмкIэ ижьыблагъэ кьыдагъэкIа «Сыт хэтщIыкIыр коррупцэм» жьыхуIэ тхьлъ щыкIуэм тепсэлъыхьыным. Зэхуэсахэм кьалъытащ ар зэхэщIыкIкIэ, гъэуэтхьауэ, дерс щхьэпэхэр иту, Iулъхьэм и тхьдэм уэхэшГъэгъуэзэ дэжьыгъэу. Тхьлъыр нэхъыбэу зыдагъуэалэм, школакIуэхэм яхуэгъэзащ.

Iулъхьэм ебэныныжкIэ Кавказ Ищхьэрэ комитетым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщI Афлуевэ Мухьэдин зэрыжиIамкIэ, «Сыт хэтщIыкIыр коррупцэм» тхьлыр къэгъэсэбэпыныр курыт еджапIэхэм я 5-нэ классхэм кьыщыщIэбдзэ хьунущ.

- Iулъхьэ кьеIыхьыным щIыхур щыгъэщIэныр псом япэу кьыщегъэжьэн хуейр кьытщIэхьэуэ щIэблэм я дежщ, - жиIащ чристэн диным и лэжьакIуэ Самохин Михаил, - сыт щхьэкIэ жьIпIэмэ, абыхэм ягуэр нэхъ зэIухащи.

Абы и псалъэм кьыпищащ Шыбзыхьэ Залым:

- Дэ кьыдгуроIуэ, - жиIащ абы, - щIыхуэм Iулъхьэм щыщадэй хьуэ папщIэ я гъупсысэкIэм зегъэхъуэжьи зэрыхуейр. Ауэ Iуэхур кьэралым гугъу дыдэ зэрыщIыхьуам нэгъэущI хэкIыпIэхэри кьэтIльхьэуэну кьытхуегъэув. ЗыпIэжьэ щымыхьун зэман дихущ.

УФ-м и кьэралыгъуэ щIыдзэхэмрэ МВД-мрэ зауэм хэта я ветеранхэм я зэгухьныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщI Рахаев Вадим кьытеувыIащ Iулъхьэ ятын хуэдэ щIэхьу Iыхьэгъуэхэр гъэмэщIэнымк. - Псалъэм папщIэ, - жиIащ абы, - Германием и гъэзэгухэм милиицэм и лэжьакIуэ теткым. Абыхэм я пIэкIэ дэнэкIи видеокамерэхэр щыгъэуващ. Кьэралым кьыщащтэ хабзэхэм Iэмал кьуаткъым Iулъхьэ кьеIыпхыну, гурыIуэгъуэу, уздыхуеймкIэ пшэ мыхьну зэхалъхащи.

Гу лъытапхъэщ КъБР-м ЩIалэгъуалэм я Iуэхуэмрэ жылагъуэ зэгухьанысгъэхэм ядэлажьэнымкIэ и министерствэм Iулъхьэм сбэныным теухуауэ иригъэкIуэкI зэIущIэхэр кIуэ пэтми нэхъ кущIафIэ зэрыхьыр.

КЪУМАХУЭАслъэн.

●Iуащхьэмахуэ куей

Мы илъэсми пащэ

«Урысейм и Ипщэ щIыналъэ» проектым ипкъ иткIэ, Iуащхьэмахуэ куейм кьыщIэрагъэжьа уэхуэныгъэхэм мы илъэсми еуэжьарэкIыну пащэнущ.

КЪЫХЭГЪЭЩIЫПКъЭЩ 20Iэ гъэм нэсыху тещIыхьа программэ, гъэзэщIэным хуэунэтIауэ къаIэрыхьэ мылъкум и нэхъыбапIэр мы районым зегъэужьыным зэрыхуэхахыр. Кьапщтэмэ, иджыпсту ятпэ ирагъэщIыгъуэхэм ящыщу къэбгъэльэгъуэ хъунущ Iуащхьэмахуэ куейм хиубыдэ жьлагъуэхэр псы зэфэнкIэ нэсу кьызэгъэпэщыныр. Псы зрикIуэ бжьамрэ мини-гъэр зэкIуалIэ, зыуэ щыт псыжапIэ ин зэрагъэпэщ, псыдзэр зэтезыIыгъэхэмрэ кIэнауэхэмрэ ящI. Ильэси 2-3-м кьриубыдэу зэфIагъэкIыну я мурад, мы лэжьыгъэхэр зэфIыхьэмэ, абы Iэмал кьаритынущ гектар 400 хуэ «Iуащхьэмахуэ лъэпкъ паркым» и ухуэныгъэр зыхуей хуэзэу, дунейм и къэхъукъащIэ шынагъуэхэри зэран кьыхуэмыхьун хуэдэу яухуну.

ЛЪОСТЭН Музэ.

●Май куей

Ухуэныгъэщ Iэхэр

2011 гъэм ди республикэм и проект пэрытхэм ящыщщ Май районым полимер къабзэхэм щелэжьын папщIэ щаухуэну заводыр. Абы текIуэдэнущ сом мелард 12.

ЗАВОДЫМ цIыху мини 2,5-рэ Iэнатlэкlэ кьызэригъэпэщыкIынущ. Ар лажьэу утIыпщынымкIэ щыIэ нэхъ щIыхуэхэм я псэукIэр егъэфIэкIуэнымкIи - сыту жьыпIэмэ, заводым кьышащIэсэбэпа песнымрэ пластикымрэ я лъахэ уэзыIэпкъ-раварбзыхуэм нужь итщ. УнафэщIэм кьыхасэщ, я щадэ псори кьайхьуIлэмэ, заводым и лэжьакIуэхэр зыщыпсэуну унэхэр, сабий бгъэанIэ, амбулаторэ, нэгъэущI Iуэхущ Iапи Iэгъуэблагъэм щаухуэну Iэмал зэрагъэтынури.

ЖАНХЪУ ЭГ Зузэ.

●ЩIалэгъуалэ правительствэ

ЗэфIагъэкIахэр, плъапIэщIэхэр

Республикэм и Правительствэм и Унэм щызэхэтащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIалэгъуалэ я правительствэм и зи чэзу зэIущIэр.

АР КЪУЩЫЗЭIУИХЫМ ЩIалэгъуалэ правительствэм и унафэщI Щокъо Залинэ кьыхигъэщащ 2010 гъэм лэжьыгъэшхуэ зэрекIуэкIар, ауэ дызыхьыха ильэсым нэхъыбжьым зэрыхуэуплъэр. Министр ныбжьыщIэхэм я кабинетым и цIэкIэ абы республикэм и Президентым, Президентым и Администрацэм, КъБР-м и Правительствэм хуабжьу зэрызыкъыщIагъакъуэм папщIэ фIыщIэ яхуиIащ: «ЩIалэгъуалэм я фIэщ хьуэ уэ хуэжьащ езыхэм я IуэхугъэкIын папщIэ зыхуэвину Iэмал псори республикэм кьызэрыщIэзэрагъэпэщщ. Iэнатlэхэр зехьэным, кьызэгъэпэщыныгъэ Iуэхугъэм щыгъуэзэ зыхуэгъэсэныным я лъэныкъуэкIэ хэкIыпIэ нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщщ ЩIалэгъуалэ правительствэр. 2011 гъэм дэ абы хэтхэм ящыщ куэд зэтхъуэкIыну ди мурадщ, жэрдэмэр зэфIэкIрэ яхуэ зыкъэзэгъагъэлъэгъуэ щIалэхэмрэ щытыкIэр зэрыкъэзэгъэпэщыхэм папщIэ».

2010 гъэм ЩIалэгъуалэ правительствэм зэфIигъэкIахэмрэ дызыхьыха ильэсым абы кьыпIэщIэ кьалэнхэмрэ зыщыхэлъ зэIущIэм кьриубыдэу ящыщ куэд зэтхъуэкIыну ди Президентым и Администрацэм и унафэщI и Iэнатlэ псоми зригъэужьу ЩIалэгъуалэм я Iуэхуэмрэ жылагъуэ зэгухьанысгъэхэм ядэлажьэнымкIэ и министерствэм Iулъхьэм сбэныным теуухуауэ иригъэкIуэкI зэIущIэхэр кIуэ пэтми нэхъ кущIафIэ зэрыхьыр.

КЪУМАХУЭАслъэн.

Пщэ зьыхэтщI «Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакIуэхэ! Ильэс дапщэ хьуами сщIэжьыкIэ, ди анэдзэльубзэкIэ кьыдэжI газет закъэр зи гугъу ящIэ зыкъэзрихьэрэ, ауэ сэ сэ езыр ильэс 80-м сьнэсащи, зы мазуи кьанэжьым и пэм кьыщыщIэдзэу ар щIэзмыджкIыну.

**ФIыуэ сльагъу газетыр кьэзгъэзэбэпу, нобэ сьхуейт кьэдрэ зызыкуэзгъэзэ. Псыгъэу кьуажэм дэт амбулаторэм и лэжьакIуэ зьапэмэхэм я гугъу фхуэсщIыну. Мыбыхэм я дэтхэнэ зыри «кьэпсалъэ кьудей мэ, узыр пщыхьщIэ», жьыуэлIэм хуэдэщ. Амбулаторэм и унафэщIэу Уэдыкъ Аринэрэ Бозий Джамилэрэ я цIыхуэгъэр, я щабагъэр, гуузэ-лIыуэ яхэтыр адрей лэжьакIуэхэми щапхъэ яхуохъу, ядэмылIпъеинкIэ Iэмал Iуэхуфlэхэр кьыдокIуэ республикэм и ЩIалэгъуалэ правительствэм хэтхэр Краснэрэ крайм щыщ я ныбжьэгъуэхэм жьыджэру зэрадзлажьэм. Абыхэм ящыщ а ныбжьэгъуэхэм я щIалэгъуалэ правительствэхэм хэтхэм зэхуаIуэтащ хьэрычэт Iуэхум зегъужьыныммкIэ зэфIагъэкIхьэлэмэтхэр кьызэрагъэзэпэщ. Кьэбгъэльэгъуэну ирикъунущ щIалэгъуалэр финанс щIыгъуэм щыгъуазэ щыхуэщI курсхэр кьызэрызэIуахар, хьэрычэт Iуэху цIыкIымрэ курытымкIэ урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и щIыкIэ кьызэрапщытар. Гу зылъытапхъэщ Мыщхьэуэжь А. «Бизнесым Iэмалыщ Iэхэр кьыщыгъэсэбэпыныр» и проектыр. Абы хиубыдэу ныбжьыщIэхэм ящыщу щыIуиплым дэтхэнэми хуэзэу сом мин 300-м нэблагъэ грантхэр хухахащ. Темукуевэ М. игъэхьэзыра «Энергиер тэмэму икIи шынагъуэнщ кьыдэгъэхуэныр» проектым папщIэ «Мэщыкъуэ 2010» кавказэпсо щIалэгъуалэ зэхуэсым и грантыр кьыхуагъэфэщащ.

Министр ныбжьыщIэхэм я кабинетым и унафэщIым и къуэдзэхуэ Джаппуевэ Иринэ, Шестирублев Сергей сымэ жаIащ дызыхьыха ильэсым социальэ, экономикэ Iэнатlэхэм ехьэлIауэ ЩIалэгъуалэ правительствэм зэфIигъэкIынухэр.

Адэкlэ зэIущIэм щедэIуащ ЩIалэгъуалэ правительствэм тарифхэмкIэ и министр Темукуевэ Малика къыпсэльам. Абы правительствэр нэгъэущI щIыналъэхэмрэ Iуэхущ Iапи Iэхэмрэ зэрапщIащIэ, зэрадзлажьэмкIэ жэуап ехь. Апхуэдэ зэпыщIэныгъэхэм ящыщу нэхъ мыхьэнэшхуэ зиIэу министр ныбжьыщIэм ящыщ Iулъхьэ щыгъэ ЩIалэгъуалэм и Президентым и Администрацэм и унафэщI Щокъо Залинэ Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым и щIалэгъуалэ правительствэм я зэрадзлажьэмкIэ и министр Азаров Т. и жэрдэмкIэ курыт еджапIэхэм ящыщ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыIэм и аппаратым кьыщыщзэрагъэпэща ЩIалэгъуалэ правительствэм щэнхабзэмкIэ и министр Азаров Т. и жэрдэмкIэ курыт еджапIэхэм кьыщыщзэрагъэпэщащ. ЩIалэгъуалэм я фед радикализмэм зыщиубгъынкIэ щыныгъуэ зэрыщыщIэм кьыхэкIыу �щIалэгъуалэ правительствэм щэнхабзэмкIэ и министр Азаров Т. и жэрдэмкIэ курыт еджапIэхэм кьыщыщзэрагъэпэщащ ЩIалэгъуалэ правительствэм я зэрадзлажьэмкIэ и унафэщI Щокъо Залинэ Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым и щIалэгъуалэ правительствэм я зэрадзлажьэмкIэ и унафэщI Щокъо Залинэ, зэрадзлажьэмкIэ жэуап ехь. Апхуэдэ зэпыщIэныгъэхэм ящыщу нэхъ мыхьэнэшхуэ зиIэу министр ныбжьыщIэм ящыщ КъБР-м и ЩIалэгъуалэм и Президентым и Унафэщым и кьуэдзэ Власов Александр жиIащ ЩIалэгъуалэ правительствэм и лэжьыгъэр зэрыхуэщIыным теухуауэ мы зэIущIэм кьыщыщIэкIащ. Апхуэдэ лэжьакIэм адрей щIыналъэхэми зыщегъэубгъуэн хуейщ. Дэри дывдэлэжьэну дыхьэзырщ икIи апхуэдэ зэдзэлъэныкъуэ ятпэ проекту кьэфIыпхъэ Краснэрэ щекIуэкIыну зэхьыхьэшхуэм дыззрыхэтынущ».

ЗэIущIэм и кIэухым кьыщыпсалъэм КъБР-м и Президентым и Администрацэм и унафэщIым и кьуэдзэ Власов Александр жиIащ �щIалэгъуалэ правительствэм и лэжьыгъэр мыдлъэу зэрыхуэщIыным теухуауэ мы зэIущIэм кьыщыщIэкIар. Апхуэдэ лэжьакIэм адрей щIыналъэхэми зыщегъэубгъуэн хуейщ. Дэри дывдэлэжьэну дыхьэзырщ икIи апхуэдэ зэдзэлъэныкъуэ ятпэ проекту кьэфIыпхъэ Краснэрэ щекIуэкIыну зэхь

● Мазаем и 8-р Урысей щIэныгъэм и махуэщ

Зыужьынытъэ гъэгум тету

УФ-м и Президентым 1999 гъэм мэкъуауэгъуэм и 7-м кыдигъэкIа Унафэм ипкъ иткIэ, Урысей щIэныгъэм и махуэр мазаем и 8-м игъэльапIэ.

ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей Академиер 1724 гъэм Петр Езанэм кьыэригъэпэщауэ щытащ. А зэманым абы зэрэджэр ЩIэныгъэхэмрэ ХудожествэхэмкIэ Академиер т.

Урысей щIэныгъэм хэльхьэныгъэшхуэ хуищIащ зыужьынытъэм, ди къэралым дунейпсо мыхьэнэ зиIэ къэхутэныгъэ инхэр щрагъэкIуэкIащ. Кьапщтэмэ, дуней псом щыцIэрыIуэщ ди щIэныгъэлIхэу Ломоносов Михаил, Павлов Иван, Менделеев Дмитрий, Циолковский Эдуард, Капицэ Петр, Ландау Лев, Курчатов Игорь, Александров Анатолий, Королёв Сергей, Доллежаль Николай, нэгъуэщIхэр. Абыхэм я кьэхутэныгъэхэм я фIыгъкIэ, дуней псом щыяпэу Урысейм биосферэр джын щыщIадзащ, хьэршым яутIипщащ спутник IэрыщIыр, атомкIэ лажьэ станцыр щрагъэжьащ.

Урысей, совет щIэныгъэлI 16-м Нобель и саугъэтыр хуагъэфэщащ. 1904 гъэм ди къэралым щыщу япэ дыдэу ар зратар академик Павлов Иванщ.

2010 гъэм ди хэкуэгъу щIалитI - Гейм Андрейр Новосёлов Константинрэ - Нобелев саугъэтым физикэмкIэ и лауреат хьуахэщ. Кьапщтэмэ, Гейм Андрей Налшык кьалэ курыт еджапIэр къыщиухащ. Абы кьеГъэ лъагуэ апхуэдэ саугъэт лъапIэр Москва, Санкт-Петербургъ щыпсэухэм я мызакъуэу, ди къэралым и хэгъуэгу зэхуэмыдэхэм кьыщыхуахэми я щIэныгъэкIэ кьызэрыкьыфынур. Мис апхуэдэ щапхъэхэм щIэпIыкIын хуейщ республикэм и щIэблэр, щIэныгъэм зэфIэкI лъагэхэр щызыIэрагъэхьэсэн нейтриннэ обсерваторэр (унафэщIыр физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор Тарадий В.), Терскол астрономие обсерваторэр (унафэщIыр физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор Тарадий В.), Географие къхутэныгъэмкIэ центрыр (унафэщIыр географие щIэныгъэхэм я кандидат Керимов А.), Социально-политикэ къхутэныгъэхэмкIэ кьудамэр (унафэщIыр тхьдэ щIэныгъэхэм я кандидат Борэ А.).

РАН-м и Къэбэрдей-Балькъэр щIэныгъэ центрым унэтIныгъэ куэдкIэ къэхутэныгъэшхэр щрагъэкIуэкI. Къэбэрдей-Балькъэр и тхьдэм щыяпэу республикэм и зыужьыныгъэм дызэрыкъэгъэкIуэну гъэзагъ ди дежь щагубзыхуэ хъуащ. Информатикэмрэ щIэныгъэ управленэмкIэ институтым зэхэлъхьащ Къэбэрдей-Балькъэрым зэрызиужьыну щыкIэм хьэлъэныгъэшхэр щыIэ. Къэбэрдей-Балькъэрым дызэрыхъэкIуэну гъэзагъ ди дежь щагубзыхуэ хъуащ. Информатикэмрэ щIэныгъэ управленэмкIэ институтым зэхэлъхьащ Къэбэрдей-Балькъэрым зэрызиужьыну щыкIэм хьэлъэныгъэшхэр щыIэ. Сыт хуэдэ гугъуехьхэр щыIэми, щIэныгъэлIхэр адэкIи Урысейм и зэIуэзэпэщ псэуфкIэ зэрыкIэм.

Къэбэрдей-Балькъэрым щIэныгъэ центрым щолажьэ щIэныгъэхэм я доктору 50, щIэныгъэхэм я кандидату 80. Абы кьепхэа институтхэм унэтIныгъэ 12-кIэ уи щIэныгъэм щыпыщэфынущ аспирантурэмэ докторантурэмэ. Абыхэм щIэсхэм я бжыгъэр нобэ 150-м ноблагъэ. Информатикэмрэ щIэныгъэ управленэмкIэ институтым экономикэ щIэныгъэмкIэ кандидат, доктор лэжьыгъэр щыпхагъэкI совет иIэщ. «Известия КБНЦ РАН» журналыр пIалъэ хэхам тету кьыдокI.

Апхуэдэу ди центрым и щIэныгъэлIхэр жыджэру ядолажьэ еджапIэ нэхъыщхьэхэми курыт школхэми. Абыхэм зэхэлъхьэ учебникхэр, тхыльэ зэхуэмыдэхэр, щIэныгъэм щыхасгъэхьуну центрхэр институтхэм хэту кьызэрагъэпэщ. Къэбэрдей-Балькъэр щIэныгъэ центрым псом хуэмыдэу гульытэ хуещI щIэныгъэлI ныбжьыщIэхэм я Iуэхур дэгъэкIыным, абы пащIэ Iуэхущхьэкъуэрэ зэрэпсэуэхэр кьызэрагъэпэщ, абыхэм кьыщыхэжаныкIахэр саугъэтхэмкIэ ягъэпажэ.

Информатикэмрэ щIыналъэ управленэмкIэ институтым лэжьэкIэщIэ нэхъыфIхэр гъащIэм хэпща хьуным хуэунэтIа кьалэныщхъэ зэфIегъэкI. Апхуэдэу 2010 гъэм абырэ «Телемехаником» технопаркымрэ я жэрдэмкIэ япэ Кавказ-Ищхьэрэ форум Налшык щрагъэкIуэкIащ. ТхьэмахуэкIэ екIуэкIа зэхихьэм кьрихьэлIащ Ипщэ, Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щIыналъэхэм, Москва щIэ щIэныгъэ-кьэхутакIуэ Iуэхущапи1эхэм я лIыкIуэхэр, примерэ 50-м нэс утыку кьрахьащ.

ЩIэныгъэм щызыIэригъэхьа екъулIэныгъэхэмкIэ Урысейр зызыужьа щIыналъэ куэдым зэрапеуэфынур нобэ псоми кьагуроIуэ. Апхуэдэу щытми, урысей щIэныгъэр кьэралым и дэIепыкъуныгъэ лъэщ хуэныкьуэщ икIи жылагъуэм кьыгурыIуэн хуейщ Хэкум и зыужьыныгъэм щIэныгъэлIым щиубыд увыпIэр зыхуэдэр. Сыт хуэдэ гугъуехьхэр щыIэми, щIэныгъэлIхэр адэкIи Урысейм и зэIуэзэпэщ псэукIэм хуэлажьэныщ.

Къэбэрдей-Балькъэрым и щIэныгъэлIхэм я махуэ-шхуэмкIэ со хьэужьку, екъулIэныгъэхэр яIэу щIэныгъэм хэльхьэныгъэшхуэхэр хуащIыну, узынщагъэ, унагъуэ насыпыр яIэну си гуапэщ.

ИУАН Петр,
РАЕН-м и академик, УФ-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ.

● Гъэм и зэманхэр

Мазаем къуаджэхэм зыщIагъэкъуэн мурадкIэ, еджакIуэ цыкIуэхэм шхалъэ тышхэр жыг хадэм куэду щыфIадзащ.
Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *триХащ.*

ПЩЫБИЙ СулъIан

Псыкъуий

Рассказ

Хэку зауэщхуэм щIыхьэ куэд фызабэу кьигъэнат. Гъаблэти, нэхъ кьулейсызхэр, сымаджэжи, лIыжьэ-фызыжьхьэр абы ихьырт. Ауэ, зым Iэпыкъуэ адрейм кьыщтэжу жыхуаIэм хуэдэу, зэрахуэзэфIэкIкIэ зэдэIэпыкъуэрт, лажьыгъэкIи шхынкIи ирехъуи зыщIагъэкъуэрт нэхъ лъэрымыхьхэм.

Нартан кьуажэм Бабыху и цIэу фызабэ гуэр щыпсоурт. Ар псоми яфIэгуэныкъ хьурт. Сыту жыпIэмэ сабиищ иIэу и щхьэгъусэр «кулакщ» жаIэри Сыбыр ягъэкIуат, Хэку зауэшхуэм щыщIидзэм и щIалицыр дэзм ираджэри, щыми кьагъэзжатэкъым. Зым лIыгъэ зэрихьэу зэуапIэм икIуэдащ, зыр хъыбарыншэу бзэхащ, ещанэр нэмыцIуэуэм иIыхьащ. Арати, Бабыху фызыжьыр и закъуэу кьэнащ. ИтIани и щхьэгъусэ Джэрихъан щхьэкIэ кьуажэ жъуклыкъущIэхэм абы нэмыплъ кратыртат. Зы жэмыжь иIэти, щIымахуэр ерагъэкIыгъуейуэ щIигъэкIыфэ кьудейт, хадэм кьрихьа нартыху бзий тIэкIур зэригъэзахуэуэрэ. ЩIымахуэ хъуамэ, гъэмахуэм зэригъэпэща нартыху, сэхуэран жэнпхъэмкIэ, кьэрэкъуэ зэрихьэлIащ. Унэр щIыкIыжьмкIэ унэр игъэплъырт. Уеблэмэ зэхэмызэ мэзым кIуэрти, пIэкIэ пхъэ кьихьырт. ЩIымахуэм псыр щтамэ, псы имыIэмэ, джыдэ кьищтэрти, мылыхьэ кIуэрт, кьэпкIэ кьыхьырт, нгъэткIуэрт. Мамыкъущей псынэм кIуэуэ абы пхъэхькIэ псы пэгунитI кьощIрихьи щыIэт. Апхуэдэ хьэзаб телъу мыгъуэкIэ ирихьэкIырт гъащIэ тIэкIу кьыхуэнэжар. Сэ зауэм ятIонэрэ щIыкIуэрт, абы сыдэIэпыкъурт: пхъэ хуэскъутрэт, псы кьыхуэсэхьырт, щIымахуэм Iэжьэ щIыкIIуэрэ пхъэ кьыхуэсэшэрт. Бабыху кьуэ пэлъытэ сищIауэ, сыщыхиальхэ щIыкIыжьмэ, Сэ зауэм сыдэтыхуэ, фызыжьым письмокIэ сыкьыхуэзбэзарыгъакъым. АбыкIэ и гур фIы хуэсщIырт. Уеблэмэ зауэр иухрэ сынэкIуэжмэ, нысащIэр уи дежщ здесхьэлIэнэр, кьыхуээтхырт Бабыху. Бабыху абы сызэрелджэр.

1945 гъэм накъыгъэм и 9-р, ди къэралым и мызакъуэу, дунеи псом щагъэлъапIэрт. Ди дзэхэм, нэмыцIэ зэрыпсухьуакIуэхэм зтекIуэри, Рейхстагым бэракъ пIэльжьыр щыфIадзат. Зауэм хэта зауэлIхэм я хэку кьагъэзэжьырт. Арати, сэри кьэзгъэзэжащ. СыкъыздэкIуэжам, япэ дыдэрауэ, Бабэ дежкIэ секIуэлIащ сIыгъгъунэу. АпхуэдэзэкIэ гуфIэщати, и нэпсым кьызэпижьхьащ. ЗанщIэу зы джэд кьиубыдащ фIригъэгъжыну, ауэ сэ ар хуээдакъым. ЖысIам щхьэкIи кьымыгъанэу, зы самогон щэтфэр, джэд гъэжьарэ пIастэрэ ди анэм дежкIэ ирихьэкIащ.

Кьуажэр хуабжьу зэтехуат. Iэщу яIам и зэхуэдитIыр яIэжтэкъым. Зэрывэн щы, выхэр кьаймэщIэкIырт, Налшык МТС-м и трактороэр, комбайнхэр иратхьэлIэн пкъыгъуэхэр, дагъэгъасын ямыIэу зэхэтт. Кьуажэдэсхэм я жэмхэмкIэ вэрт. Колхозым сыхьхьэжьри, выгу зесхуэу щIэздзэжащ. Зыми семыупщIу Бабэ и хадэр хуэзвэрт, кьитхъи хуэсщIыжьырт, щIымахуэм пхъэ щызгъаьщIэртэкъым.

Пщыхьэщхьэ гуэрым Бабэ дежкIэ секIуэкIауэ ясыхуэятхьэсыхьащ:

- МахуитI мэхъури си жэмым шэ кьыщIэкIыжьркым, кьыщщIар сщIэркым е Iэхъуэхэм дахэ-дахэу ямыгъэшхарэ?

- Умыгуэавэ, Бабэ, Iэхъуэхэм захуэзгъэзэнщи, Iуэхур зытетIыр зэзгъэщIэнщ, - жесIащ. Арати, вакIуэхэми Iэхъуэхэми сесъэIуащ Бабыху и жэмымкIэ мывэну.

Ещанэ махуэм Бабэ сеупщIащ жэмым и шэр кьиупIыщщыжарэ кьымаутIыпщыкъарэ. КьыпыгуфIыкIри жиIащ:

- ФIыгъуэу щыIэр зэхъуIэн, сыбгъэгуфIаи. Азалыхь, зэрыщытауэ хъужамэ, шэ пэгуным нэс кьыщIокIмэ.

Апхуэдэу екIуэкIыурэ, сэ гу лъыстащ жэмхэр щыдаху-кьыщыдахуэжкIэ Бабэ гугъу зэрехьым. ПщIантIэ дыхьэпIэм набжэ хэльхьэтэкъыми, ар кьэбжэнэм дежщIыгъ, нэгъуэщI жэм димыгъэхьэну нхъумэу. Ти-и, мэзым набжэ щыхуэсхуэри, ар хуэхэдгъэхьажащ.

КъыкIэлъыкIуэ махуэм Бабэ кьызэлъэIуащ: «Мо куэбжэнэм дежщIыгъ пскъуий бгынэжар схуэбгъэжьабзэжатэмэ, сыбгъэунатэ, - жиIэри.

А зэманым къуажэм псыкъуийуэ тху къудей яIэу арат, абыхэм ящIыщ языныкъуэхэр ямыгъэжьабзэуэрэ бгынэжа хьуат. ПщIадджыжьым жьыуэ, цIыхуэр къэмытэдж щIыкIэ, Налшыкыпс кIуэурэ псы къахьырт. Уэлбанэрилэ щIыхуэм деж псыр къэутхъэрти, щIыхуэр гугъу ехьырт. Хэти псыкъуий жыжьым кIуэрт, хэти Мамыкъущей псынащъэм фэндырэкIэ е бидонкIэ кьршырт. Бабэ и лъэIур сымыгъэзащIэу зэи кьэзгъанэртэкъыми, си къуэш нэхъыщIэ Билал гъуэсэ сщIыри, псыкъуийр къдгъэкъабзащ. Ауэ Iуэхур абыкIэ зэфIэкIакъым.

- ЩIхьэ тIэкIуи схутефлъхьэ, ЩнкIыбзи хэфлъхьи, церпкIэ еппхыж хъууэ схуэфщI, - жиIащ Бабэ.

Ар гумызагъэт, щхьэтелъхэ хуэщI щIыжьиIар, сэ сыэзригутгъэмкIэ, псыкъуийм уэшх имышхэн, сабэ иримыхьэн щхьэкIэт, ауэ кьызгурымыIуэжыр зыт: щхьэ ЩнкIыбзэ етыпIи хуэсщIын хуейт? Ярэби, щIыкIуэрэ еджапIэм щыкIуэ-кьыщыкIуэжкIэ мывэ, пхъэнкIи ираддзэнкIэ шынэу арауэ пIэрэ? СеупщIыну сфIэемыкIуащ. Арати, псыкъуийм щхьэ тетлъхьащ, ЩнкIыбзэ етыпIи хуэтщIащ.

Гъэмахуэ бадзэуэгъуэр кьэсащ. АпхуэдизкIэ махуэр хуабэщи, Iэщхэм адэкIэ-мыдэкIэ жьауапIэм зыщIадзэ е псы лъыхъуэу псыхъуэм макIуэ. Щхьэгъубжьэхэм дыгъэ бзий дымыдыну щащыку фIадзэ, хэти жыг жьауэм щIотIысхьэ. МахуэкIэ унагъуэхэм я гъэшыр яфIокIуэд: шэр зэщIокI, мэфIэIу, шхур кьовыкI. Арати, уэ жьыпIа, сэ жьаIе - шэщIэхуэм хьыбарышхуэ щокIуэжкI: «Лалъхьалэу дыкъэзыгъэщIа, Бабыху и шэри зэмыкIуэкI икIи мыфIэIу, и шати зэкIэрымыж, ишхури кьэмыкъуалъэ. Дыгъуасэ Бабыху дежи си нысэр кIуауэ абы зышху кьыхуищтати, щIыIэ хъужауэ, езыр кьыпхугуэх кьудейуэ. И шатэри кьыгуэбгъэжьымын хуэдэщ». А псалъэмакъыр Хьэблацэ фIэжьIынт? А пхъужь ябгэр ди хьэблэми жьыэми зыхуэмыпсалъэрэ зытемыпсалъэхьырэ щыбгъуэтынутэкъым, и Iуэху зыхэльи-зыхэмыльи - дэни нэсырт. Арати, Бабыху тхъэмыщкIэр абы и жьэм жьэдэхуэнтэкъэ!

Фэ Бабыху фыщотхъу, абы и шатэмрэ и шхумрэ хуэдэ щымыIэу жьвоIэ. (А зэманым холодильник жьхуаIэр цIыхуэхэм ящIэртэкъым). Мы дигьейм хьэблэр псы щхьэкIэ дызэтеIэри, абы зыри къыфIэIуэхьуэкIым, куэбжэнэм Iут псыкъуийм ЩнкIыбзэ иритащи, убгъэдыхьэ хъуркъым. СIожь, псыкъуийр ядыгъын и гуръэрэ, хьэмэрэ якъутэну къыфIэщIрэ? (А зэманым цIыхуэхэм апхуэдэ мыхъымыщIагъэ зэрахьэу, зэранщIакIуэу щытакъым).

Ти-и, Хьэблацэу пльагъур сэри къысфIэнэнтэкъ! «СIожь, уэ, Суфэн, а псыкъуийр зэрыбгъэкъэбзэжам и мыхьэнэр? Жэщи махуи ЩнкIыбзэ етащи, псы къитхынкIэ зы Iэмал диIэкъым. ЩнкIыбзэIухэр Бабыху иIыгъщи, зыми иритын дзыхь ищIыркъым». СыгугъыIэуурэ сэри мафIэм фэтыдэжэн тескIащ:

- Хьэблэм дэс псоми ту-мэн тхурытху зэхэфлъхьи, итIанэ ЩнкIыбзэIухэ щхьэ-хуэу фхуедгъэщIынущ! - Сымыух щIыкIэ, си псалъэр щхьэ кьыщIэздзат жызыгъэIэжу, Хьэблацэ кьыспидзыжащ:

- Уи дежу кьыщIокIри псом я бэлыхьри кьыщежьэр! Догуэ, дэнэ уэ апхуэдэ хуитныгъэ кьыздипхар, псыкъуийм ЩнкIыбзэ ептрэ хьэблэр псынщэу къэбгъэнэну? АлыхькIэ соIуэ, иджьпсту тездэзнщи, селсэветым тхъэусыхакIуэ сымыкIуэм! СлIожь, сымыкIуэфыи уи гугъэрэ?!

Уэ зауэм уэзрыщыIам щхьэкIэ уи щхьэм кьихьэр блэжьу упсэуну уи гугъэ? Азэлыхьтъалэ, зыми ар кьыпхуимыдэнкIэ!

Iуэхур зэхэзгъэкIыну сыхунэмыс щIыкIэ, кьуажэ советым и тхьэмадэ СулъIадин ерджэ, бзаджэ кьыстретхъуэ, ЩнкIыбзэр иригъэкъутэну цIыху кьигъэкIуэну жеIэ.

- СулъIадин, зэ Iэжьэкъуэ иумыч, - жызоIэ. - Мыдэ си пщэм кьильхьэ а Iуэхур. Сэ тэрэзэу псори зэфIэзгъэкIынщ. Догуэ, уэ Хьэблацэ умыцIыхужу ара? Сыту нэгъуэщI тхъэусыхакIуэ кьыпхуэмыкIуарэ?

СулъIадин Бабыху ЩнкIыбзэIухэр зэриIыгъыр кьищIэмэ, мис итIанэт сабэ щыдрипхъеинур! Сыту жыпIэмэ Бабыху тхъэмыщкIэм и къуэ нэмыцэIуэм иIыхьамрэ и щхьэгъусэ Сыбыр щыIам рэ яджыри къэс ираудэкI. Хьэблэдэсхэр мыхъуамэ, Бабыху мыхьыр ирагъэхьынт! Арати, сыт сщIэнт, щIэнтIэпсыр кьыспхуэрэ сыулъэуауэ сыкъоеуэ, Бабэ дежи сокIуэри, Iуэхур зытетыр гурызоIуа!уэ.

- АтIэ, си щIалэ, - жиIэ Бабэ, - си щэр щIызэмыкIуэкIри, си шхур кьыщIэмыкъуалъэри, си шатэр щIэIуврэ мис а ямыльъгъужьи Хьэблацэ и жьэр щIэутIыпщари псыкъуийращ! Абы щэр, шхур пэгункIэ, шатэр абдж хьэкъуцыкъукIэ, ахэр пэгунымиту, изогъэувэж, пэгуным и щхьэIуудым нэмысу псым хэту, зэуэ пэгунитI кIапсэм фЫзощIэри! Сыт-тIэ яджы дыбгъэщIэнур, сыт нэхъыфIыр? - кьыспидзыжащ Бабэ.

- НтIэ, - жесIащ абы, - пщэдджьыкъ щыщIэдзауэ ЩнкIыбзэр Iух сыхьэт бжьгъэкIэ. Уи гъэшри мыкIуэду хьэблэ фызэри мыхъуэсхъэу псыкъуийр псоми я зэхуэдэу щрыпет.

Мис араци, хьэблэм псыкъуийр и гур ядкъэфIыгъуэу, щыуэгъуи уэлбанэрилэ хъууэ псыкэр кьыщиукIи псоми псы ягъуэту, езы Бабыхуи и гъэшыр хэхъуэрэ я Iуэхуэкэр фIыгъуэу щрагъэкIуэкIа пшыхьым.

ШАВАЕВЭ Светланэ.

Фlэщхъуныгъэр я гум илъу

Ислъам диныр зезыхьэхэр урысей жылагъуэр, нэхъыбэу зыгъэпIейтей гугъуехьхэм щытепсэлъыхьащ Сочэ и муслъымэнхэм я япэ кьалэ конференцу Кичмай Ин щыIэхэтам.

СОЧЭ кьалэм и муслъымэн зэгухьэныгъэ цIыху мин 20-м нэблагъэ къызэщIэзыубыдэм я зэхуэс ирагъэкIыжкIыну мурад зэращIэрэ куэд щIат, ауэ иджыпей конференцыр кьызэгъэпэщыным тегъэщIапIэ хуэхъуащ Мэкъуу и Мазнеж утым кьыщыхъуамрэ «Домодедово» аэропортым щалэжьа теракты мрэ. ЗэIущIэм кьрихьэлIахэм кьызэрыкъагъэщащи, сыт хуэдэ лейми, Урысейр кьызыгъэтIэсхъэну хущIэкъуэхми кьэралым, пщIэхъэ зэмылIэужьыгъуэхэм, дин зэгухьэныгъэхэм я кьару зэгъэуIуакIэ япэщIэтын хуейщ, жиIащ Адыгеймрэ Краснодар краймрэ я муфтий Емыжь Нурбий. - Дэ дапэщIэтын хуейщ экстремизмэм, кьэралыр зэтезыгъэщхэну, лъэпкъыбэ жылагъуэр зэкъуэзычыну хущIэкъуэхэм. Апхуэдэуи, муслъымэнхэр дегъэпIейтей Урысей Фэдерацым щалэжь сыт хуэдэ теракти диныр щыхьэхуэрэ зэрыхуащIым, ислъам кьабзэр зезыхьэхэм «ирапхыну», муслъымэн цIыхур бийуэ кьыщIрагъэдзыну зэрыхущIэкъуэм. ИпэжьIапIэкIэ диныр зи фIэщ хуэ цIыхуэхэм, Алыхьыр зи гум илъу псэуэхэм апхуэдэхэм пыщIэныгъэ лъэпкъ хуэIэкъым.

Конференцым хэтахэр кьытеувыIащ мыхьэнэшхуэ зиIэ нэгъуэщI Iуэхугъуэхэмри. Абыхэм ящыщщ лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм я зэгухьэныгъэхэр зэкъуэзыгъэувэн дин IуэхугъэмкIэ Сочэ кьыщызэгъэпэщыныр, муслъымэнхэр нэхъыбэу щыпсэу щIыпIэхэм мэжджыгъэр щыухуэныр, щIалэгъуалэм гъэсэныгъэ куу ябгъэдэльхьэныр, нэгъуэщIхэри.

- Дэ дызэкъуэтын хуейщ. Адыгэ, ингуш, шэшэн, тэтэр, дагъыстан я таджик жьытIэу зыдгъэшын, дэтхэнэми и дин зэгухьэныгъэ щхьэхуэ кьызэгъэпэщыным дыхуэцIэкъун хуейкъым. Дэ псори диныр зи фIэщ хьу, УФ-м хуитныгъэ зэхуэдэ щызиIэ, абы и зыужьыныгъэмрэ ефIэкIуэныгъэмрэ зи сэфэн хэль цIыхуу дыщытщ. Ди адэхэмрэ адэшхуэхэмрэ я плIэр зэгъэкъуауэ фашистхэм япэщIэтащ, зы шыуаным ишхыкIащ, лъэпкъ зэхэгъэжьымышIэу, ныбжьэгъуГуэр дяку дэлъу, зым щыгурыIуэну, фIым ухуэзыуущий нэгъуэщI куэди уэсрэт кьытхуащIащ. Дызэкъуэтмэщ къэралыр зэIызыщIэну хуейхэр щидгъэкIуэтыфынур, - жиIащ Емыжьым.

Сочэ кьалэмрэ ТIуащIэнэ куеймрэ я Iимам нэхъыщхьэ ЩхьэлахъуэI Батмызэ кьыхигъэщащ кьулыкъущIэхэм зэхащIыкIыну, иджыри къэс зыIууэ гугъуехьхэр кьызэранэкIыну, кьыхалъхьа мыхьэнэ ин зиIэ Iуэхугъуэхэр зэрыгугъэр.

ЗэIущIэм хэта Кичмай Ин и нэхъыжьхьэм жаIащ совет властым и пэ льандэрэ мэжджыгъ щыта унэр муслъымэнхэм кьратыжьыну зэрыщIыгъыр. Абы теухуа лъэIур кьалэм и унафэщI Пахомов Анатолий Iэрагъэхьэнущ. Тенджиз ФIыцIэ Iуфэм ижь-ижьыж льандэрэ Iус Сочэ щыпсэу адыгэхэм я псэкупсэ кьулеягъэхэр, я хабзэхэр хуэмэныкIэ а Iуэхугъуэм мыхьэнэшхуэ зэриIэр зиныр ди фIэщ хуэхэм кьыхагъэщащ.

Тхыгъэри сурэтри **НЫБЭ Анзор** *ейщ.*

Емыжь Нурбий *(яку дэсырщ)* къэпсалъэ.

И тхыгъэхэм тхыдэр къыхощыж

Гуртуев Берт лъэпкъ литературэм и лъабжьэр зыгъэтIылъахэм ящыщщ. Мечиев Кязим, Шахмурзаев Сэхьид, Гуртуев Берт сымэ я лъагъуэм ирикIуащ Iуэдаев Хэрэт, Кашиев Хьэбэ, Макитов Сэфар, Залиханов Жэнэкьант, Отаров Чэрим, Кулиев Кьайсын сымэ, нэгъуэщIхэри.

МЫ ГЪЭМ зи ныбжьыр илъэри 100 ирикIу Гуртуев Берт и гуащIэм балъкъэр литературэм щIыпIэ щхуэ щыубыд. Абы и тхыгъэхэм къызыхэкIа лъэпкъым и дуней тетыкIэр, псэукIэр я лъабжьэщ.

Гуртуев Берт Ленниным и цIэр зэрихьэу Налшык щыIа еджапIэ кьалэ цIыкIум щеджащ. Абы щыIа училищэр кьиуха нэужь, егъэджэныгъэ IэнатIэм абы и кьару куэд ирихьэлIащ, япэ балъкъэр тхылъхэр кьыдэгъэкIыным жыдэжру хэлъэжьыхьащ, щIэныгъэщIагъэр гъэкIуэдыным теухуа Iуэхухэм хэтащ. 1934 гъэм ар хагъэхьат СССР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм, абы и япэ сьедым ныкIуэу ягъэкIуауэщ зэрыгугъуэу щыта билетри кьыщIэхъужар. Гуртуев Берт Хэку зауэшхуэм лIыгъэ кьинъэльагъэуэ хэтащ. Ар фочауэ рётэм и политрукыу щытащ, нужькIэ пулеметминомет Iуэхухэм щыхурагъажэ училищэм кьулыкъу щиIащ. И лэжьыгъэм, и ехьулIэныгъэхэм кьапэкIуэу абы кьыхуагъэфэщащ орденищрэ медаль 13-рэ.

Гуртуевым и нэгу щIэкIащ балъкъэр литературэм я щIыналъэм щрагъэIэпхъуэкIари. ЛIыгъэ хэлъу ари ишэчащ, къэкIуэну дахэм щыгугъыуэр. 1958 гъэм Берт и унагъуэр и гъусэу Къэбэрдей-Балъкъэрым кьегъэззэжри и пенсэ кIуэгъуэ хьуху КъБАССР-м и Тхакъуэхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм жэпап зыхь и секретару, «Шуэхлукъ» («Зэныбжьэгъугъэ») альманахым и редактору икIи литературэ чэнджэщэгъу нэхъыщхьэу щежащ.

А илъэхэм абы кьыхуагъэфэщащ «КъБР-м гъуэзджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ», «КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ» цIэ лъапIэхэр.

Гуртуевым, тхакIуэ куэдми хуэдэу, и кьалэмыр игъэнэхуу зэрыщIадзэр усыгъэщ. 1935 гъэм кьыдэкIащ республикэм гулъытэ щызыгъуэта «Красные голоса» тхылъыр.

Мэкъумэшыщ Iуэныгъэм кьыхэкIа тхакIуэм и кьалэмым нэхъыбэу кьыщIэкIыр кьуажэдэсхэм я псэукIэм, колхозхэр зэрызэфIэувэм теуха тхыгъэщ, и поэмэхэм кьыздэгъэкIынщ. Догуэ, уэ Хьэблацэ умыцIыхужу ара? Сыту нэгъуэщI тхъэусыхакIуэ кьыпхуэмыкIуарэ?

СулъIадин Бабыху ЩнкIыбзэIухэр зэриIыгъыр кьищIэмэ, мис итIанэт сабэ щыдрипхъеинур! Сыту жыпIэмэ Бабыху тхъэмыщкIэм и къуэ нэмыцэIуэм иIыхьамрэ и щхьэгъусэ Сыбыр щыIам рэ яджыри къэс ираудэкI. Хьэблэдэсхэр мыхъуамэ, Бабыху мыхьыр ирагъэхьынт! Арати, сыт сщIэнт, щIэнтIэпсыр кьыспхуэрэ сыулъэуауэ сыкъоеуэ, Бабэ дежи сокIуэри, Iуэхур зытетыр гурызоIуа!уэ.

- АтIэ, си щIалэ, - жиIэ Бабэ, - си щэр щIызэмыкIуэкIри, си шхур кьыщIэмыкъуалъэри, си шатэр щIэIуврэ мис а ямыльъгъужьи Хьэблацэ и жьэр щIэутIыпщари псыкъуийращ! Абы щэр, шхур пэгункIэ, шатэр абдж хьэкъуцыкъукIэ, ахэр пэгуным иту, изогъэувэж, пэгуным и щхьэIуудым нэмысу псым хэту, зэуэ пэгунитI кIапсэм фЫзощIэри! Сыт-тIэ яджы дыбгъэщIэнур, сыт нэхъыфIыр? - кьыспидзыжащ Бабэ.

- НтIэ, - жесIащ абы, - пщэдджьыкъ щыщIэдзауэ ЩнкIыбзэр Iух сыхьэт бжьгъэкIэ. Уи гъэшри мыкIуэду хьэблэ фызэри мыхъуэсхъэу псыкъуийр псоми я зэхуэдэу щрыпет.

Мис араци, хьэблэм псыкъуийр и гур ядкъэфIыгъуэу, щыуэгъуи уэлбанэрилэ хъууэ псыкэр кьыщиукIи псоми псы ягъуэту, езы Бабыхуи и гъэшыр хэхъуэрэ я Iуэхуэкэр фIыгъуэу щрагъэкIуэкIа пшыхьым.

ШАВАЕВЭ Светланэ.

И макъ гуакIуащэр ди гъусэщ

● Фэеплъ

Зи макъ гуакIуэр нобэр кьызэсэм ди тхъэкIумэм имыкI уэрэджыIакIуэ щIэрыIуэ Уэтэр Анатолэ кьызэральхурэ ильэс 70 ирикъуащ. Ныбжьыкlэ сэ нэхьрэ нэхъыщIэми, абырэ сэрэ хуабжьу дыззныбжьэгъут, унагъэкIэ дыдэ кIэльыкIуэу, ди щыгъупIастэ зэIурылъу, гуфIэгъуэми нэщхьеягъуэми дыззэрыщIэу дыззэрыIыгъ.

1956 ГЪЭМ сэ Къэрэгъэш къуажэм и курыт еджапIэм пионер вожатэ нэхъыжьу лэжьэн щыщIэзэдзат. Абы щыгъуэ Толэ школым щIэст, аущ я кьуажэм и мызакъуэу, районым псом цIэрыIуэ щыхьуакIэт. ЕджапIэм и художественнэ самодеятельностым и набдзэт, зэпеуэ куэдым пашэныгъэр кьыщытхуихьыр т. Уэрэджыкlакlуэ щIэрыIуэхэм хуэдэу, сценэм зыбжанэрэ кьыщрашэж щIэI т. Ильэс зытIущ дэкIуэу, Толэ Налшык сыщыкIуэз.

- Мыбы сыкъэкIуащ, «Кабардинка» къэрал ансамблым и хорым сыхагъэхьащ, - щыжиIэм, хуабжьу сыщыгуфIыкIат.

Ансамблым и гъэсакIуэ икIи и дирижер Попов Василий хуабжьу игу иритхат Уэтэрым и уэрэд жы Iэнэгъэ, гулытэ лей кьыхуищIуи щIидзат. Ауэ ильэситI нэхъ дэмыкIыу кьэфакIуэ гупым хорыр кьыхъгъэкIыж. А зэманым Къэбэрдей-Балькъэр радиом и хорым и унафэщIт Урысей Федерацэм и цIыхубэ артист, композитор Кьардэн Хьэсэн. Абы зэгуэр зэхихат Толэ и уэрэд жы Iэкlэри хорым ирегъэблагъэ.

- И макъыр зэрыльэщыр сщIэр т, - игу кьегъэкIыж Хьэсэн, - ауэ си деж мышIыхьэу я ятэуэ и Iэр щызэбыдам щыгъуэ, си гугьащ бэнакIуэхэм я щыщу, апхуэдизкIэ Iэчлъэчти. Ар занщIэу мыбжьэгъуфIи гъусэфIи яхуэхъуащ а зэманым хорым хэта КIуж Борис, Беппаев Сергей, Кьуныжь Хьэждал, Сосмакъ Валентинэ, Алтуевэ Зое, пшынауэ Iэзэ Пщыхьащ Мухьэжыр сымэ, нэгъуэщIхэми.

Радиом и хорым здыхэтым Уэтэрым и макъым нэхъри зильэщIащ, Сосмакъ Валентинэрэ абырэ я зэфIэкIкIэ адрейхэм кьахэжанкIыртти, уэрэдзэр кьыхадзэ хьуащ. Зэман куэд дэмыкIыу езыхэм зэгъусэу уэрэд щхьэхуэхэр ягъэзащIу щIадзэ. Псоми занщIэу яту дыхьат Толэрэ Валярэ ятэу зэгъусэу жаIа уэрэдыр, Тхьэбысым Умар иуса «ЩIалэ фIыцIэр». Нэхъ иужькIэ а тIум дахэу, екIуу эздагъэззащIахэм ящыщу «Сыт зищIысыр лъагъунытхэр?», «Лъагъунытхэр сыту фэтех», «Адыгэ пшынэ», «Уэ иджыри жьы ухъуакъым, мамэ» уэрэдхэр, нэгъуэщIхэр.

Къэбэрдей-Балькъэрым гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Мыз Борис радиом и хорым и унафэщIу ягъэува нэужь, абыи екъулIэныгъэ иIэу дэлэжьащ Уэтэрыр. Толэ и закъуэуи хорым и гъусэуи игъэззащIа уэрэдхэр куэдыщIэ мэхъу, макьамэ зыщIилъхьахэри мащIэкъым. Кьапщтэмэ, Къэбэрдей-Балькъэрым и цIыхубэ усакIуэ Тхьэгъэзит и цIыхубэ усакIуэ Тхьэгъэзит Зубер и «Джэрпэджэж» тхылъыр дунейм кьыщытехьам ятэу ар тыгъэ зыхуиущIахэм ящыщт Толэ. Зэман гуэр докIри, Уэтэрыр Тхьэгъэзитым и деж мэпсалъэ:

«Зубер, уи тхылъым ит «Кьызжалэр хъуркъым си фIэщ» усэм макъамэ щIэслъхьащи, укъедэIуамэ си гуапэ хъунт». Ар уэрэд тельыдж зэрыхъуар Тхьэгъэзитым инкьуклэ и гуапэ хъуат. Апхуэдизу Уэтэрым макъамэ дахэ щIлъхьат Iутlыж Борис и «КьызэпльэкI зэ закъуэ, дахэкIей» усэми. Макъамэр псальэм эри езым ейуэ ну са «Гущэкъу уэрэдри» дахэ дыдэ хьуат.

КьигъэщIа ильэс 47-м щыщу 27-р сценэм щихьащ Анатолэ. Ар хэтащ уэрэджыкIакIуэ гуп зыбжанэм, щылэжьащ Къэбэрдей-Балькъэр къэрал филармоние, уэрэджыкIакIуэ куэдым я гъусэу уэрэджиIащ, композитор зыбжанэм ядэлэжьащ. Абы тыкIу кьрихьащ Кьардэн Хьэсэн, Балэ Мухьэдин, Молэ Владимир, Хьэлупэ Джэбэрэ Iил, Тхьэбысым Умар, Щомахуэ Хьэсэнбий, Пщынокъуэ Бетlал, нэгъуэщIхэми я IэдакъэщIжкIэр. Ди гуапэ зэрыхъунщи, Толэ игъэззащIа уэрэди 150-м щIигъуи щыщу 130-м нэс радиом и архивым хэльщ. Мыбдежьми хуабжьу сигу кьежьу кьыхэзгъэщынут Iолэ теухуауэ зы кадри ди «Иджырей хьыджэбзхэр» (Мелэ Владимиррэ Кьагъырмэс Борисрэ), нэгъуэщIхэри гум дыхьэу, псэм едэхащIэу жиIэрт абы.

Анатолэ щIэныгъэрэ щIэт, абы екъулIэныгъэкIэ кьиуат музыкэ училищэр, щэнхабзэмкIэ институтыр. Щыхуэгъэхуэ хэлът, нэсу адыгэмрэ, хьэщIэкIэ фIыт, Iэфlу пщафIэрт, и ныбжьэгъуэр ящI щIэщыгъуэу ищI гуэрми дыхиныртэкъым. Ар пасэу дунейм зэрехыжар нобэр кьызэдэсым схуемыгъэхыу, си нэгу кьыщIыхьэжьыу, си гур кьызэфIэнэу сопсэу. Абы адыгалъэу хэлъар и кьуэш нэхъыжь Хьэбас и кьуэ, уэрэджыIакIуэ Уэтэр МуIэед хуэдэу нэгъуэщIым кьиIуэтэжыфыну си фIэщ хьуркъым.

- Си адэ кьуэшыр и ныбжьэгъухэм яхэту, аэр итъэгушхэу, игъэльапIэу щысльагъукIэ, си гур хэхъуэрт, си щхьэр лъагэу спъагъужырт, абы ещхь сызэрыхьыным иужь ситт, - игу кьеГэкIыж МуIэед. - Ар сытым дежи гурыщIэ дахэ гуэрым иIэтым хуэдэуэт зэрыпсэуэр. ИтIанэ эгъэ зэрыщытым хуэдэу адрейхэри егъэлеяуэ фIыуэ щигъэтыну хэтт. Абы и хэкури и лъэпкъри фIыщIэу ильа-гъурт, абыхэм я ятиущIэ щIэтэкъым (ар кьигъэлъагъуэу кьысщохъу и бынхэм Венерэ, Iэдииху, Сэтэней, Дахэнагъуэ, Ашэмэ зэрафIищам).

Уэтэрыр нуэд еджэрт. Псом хуэмыдэу ар фIыуэ щыгъуаэзт IуэрыIуатэм, нарт эпосым, «Толэ нарт пшынальэхэм кьеджэу зэхэзэшыжьам куэд фIэкIуэдащ», жаIэрт цIыхухэм.

Пхужьыну куэдым нэхьрэ нэхьыбэж кьилэжьыр Толэ. Сэ я гугьу сщIакъым Толэ и закъуэ игъэззащIу щыта уэрэдхэми, симфоние оркестрым дигъэззэща произведенэ инхэми, ораториехэмрэ кантатэхэмри. А псори кьамылыпэтэу, лъэпкъ гуэрым и уэрэджэм щIIэ екъулIэныгъэхэм гулытэ хуамыщIуи кьэнакъым. Абы 1973 гъэм Къэбэрдей-Балькъэрым щыхь зиIэ и артист цIэ льапIэр кьыфIащащ.

Мыгувэу ильэс тIощIрэ щырэ хьунущ Толэ дэ кьызэрытхэмытыжрэ. Мыпхуэдизкъэ я деж ди гуауэр иридгъэкIащхьэу кьыхтухэнэр зыщ: Уэтэрым игъэззащIу щыта уэрэдхэм и гумрэ и псэмрэ кьыхинащи, абыхэм нэхъыбэрэ дедэIуэнщ.

Толэ щыщIалъхьэ маухуэм адыгэ лъэпкъым кьытхэкIа щIыкIу гъуэззджэ Кьардэнгъущ Зырамыку жиIат: «Толэ дIакъым, и пкъыр тхэкIыжауэ аращ. Дэ игъащIэкIи ди гъусэнущ абы и макъ гуакIуащэр, зэи мыкIуэдыжьынур...».

УЭРЫШ Нурхьэлий,
КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист.

●Щэнхабзэ

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Лъэпкъхэр зэрегъэцIыху, зэкъуегъэувэ

КъБР-м ЩIалэгъуалэм я Iуэхухэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэныкIэ и министерствэм и дежьбдлагъэ щыхьэхтащ зэIуцIэ гуапэ. Ар теухуат а Iуэхуащ1апIэм кьыхиндхьэу гъэ кIуам иратъэкIуэкIа «ЩIэнхабзэхэм я зэпсэтъэныгъэ» проектым кьрикIуахэм. ЗэIущIэм кьрихьэлIат езы министерствэм и лэжьакIуэ хэм щыщхэр, республикэм и ЩIэнхабзэ центрхэм я лIыкIуэхэр.

ДИ ГАЗЕТЫМ и кьыдэкIыгъуэ зыбжанэм зэрытетащи, щэнхабзэ Iуэхущ1апIэхэм Налшык кьалэ дэт курыт школхэм ящыщ зыбжанэм зэкъыхъэ дахэхэр щрагъэкIуэкIащ. Абыхэм сабийхэр щыщщагъэгъуэзащ лъэпкъ зэхуэмыдэхэм я псэукIэм, дуней тетыкIэм, тхакIуэхэм я Iэдакъэщ1экIхэм. Иджы мы Iуэхум кьыхэжанкIахэр ягъэбелджылащ, апэ увыпIэхэр кьэзыхьахэр ягъэльапIащ.

ЗэIущIэр кьызэIуихащ КъБР-м щIалэгъуалэм я Iуэхухэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я Iэдакъэщ1экIхэм. Иджы мы Iуэхум кьыхэжанкIахэр ягъэбелджылащ, апэ увыпIэхэр кьэзыхьахэр ягъэльапIащ.

ЗэIущIэр кьызэIуихащ КъБР-м щIалэгъуалэм я Iуэхухэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я Iэдакъэщ1экIхэм. Зыныбжь иткIэ, гъэ кIуам и нужьрей мазитIым кьриубыдэу едгъэжьэкIа зэхьихьэхэм кьарикIуахэр нобэ наIуэ кьэтщIынущ, - жиIащ министрым. - Аэрэ зыхуэй хуэдэу зэредгъэкIуэкIар зи фIыгъэ псоми фIыщIэ яхуэзощ, адэкIэ Iуэхум кьыпытщэнри кьыхуэздэж. ЗыгъэкIуэкIар и къудамэм кьелъыхъуэ **Алчагиров Магомед Юсуп и къуэр**, 1980 гъэм гъатхэпэм и 21-м кьалъхуар, Къэбэрдей-Балькъэрым хьIхьэ Iуащхьэ-махуэ куэйм щыIэ Эльбрус жылагъуэм дэт уэнэ №1-м хэт 34-нэ фэтэрым щатхар;

Таучэш Аскэр Мухьэрбий и къуэр, 1975 гъэм шышхьэIум и 16-м кьалъхуар, Къэбэрдей-Балькъэрым хьIхьэ Iуащхьэ-махуэ куэйм щыIэ Эльбрус жылагъуэм дэт уэнэ №1-м хэт 22-нэ фэтэрым щатхар;

Маммеев Анатолий Рауф и къуэр, 1979 гъэм фокIадэм и 23-м кьалъхуар, Къэбэрдей-Балькъэрым хьIхьэ Iуащхьэ-махуэ куэйм щыIэ Эльбрус жылагъуэм дэт уэнэ №1-м хэт 64-нэ фэтэрым щатхар. 2010 гъэм щэкIуэгъуэм и 18-м сыхьэти 949 ВЛ 07 С къэрал номерыр зытелъ ВАЗ 2107 автомашинэ хужьым иси Налшык кIуэну дэкIащ икIи абыхэм я хэщIапIэр нобэр кьыздэсым кьахутакъым.

Къэлъыхъуэныгъэхэр щрагъэкIуэкIым зи гугъу тщIа автомашинэр мафIэм исауэ Бахьсэн куэйм хьIхьэ Дыгулыбгъуей къуажэм пэгъунэгъуэ къыщIагъуэтыжащ.

Ищхьэкlэ къэдгъэлъэгъуа цIыхухэм я хэщIапIэм щыгъуазэ щыIэмэ, дыныволъэIу фыкъэпсэльэну мы телефонхэмкIэ: **40-49-10; 49-52-62; 49-50-62; 02** е милицэм и Iуэхущ1апIэ нэхъ флэгъунэгъуэм, хьыбар евгъэщIэну.

Хъыбар гуэр фщIэмэ!

КъБР-м щыIэ МВД-м муниципалитетхэм я здай и «Бахъсэн» ОВД-м къельыхъуэ хъыбарыншэу кIуэда Архэст Арианнэ Анзор и пхъор. 2001 гъэм къальхуар. Бахъсэн къалэ. ЩоджэнщыкIум и цIэр зезыхьэ уэрамым тет 75-нэ унэм щыпсэуэ. Ар 2011 гъэм щыIыщIэм и 27-м унэм щIэкIащ икIи нобэр кьыздэсым здэщыIэр ящIэркъым.

И теплъэр: ильэси 9-10 ептынщ, кьуэгъущ, см 115-120-рэ и лъагагъщ, и щхьэцыр сырыхущ, кIэщIу щIэщащ, нащхъущ.

Щыгъар: курткэ гуабжэ, джинс гъуэнщэдж фIыцIэ, тхыльплъэ тхьмэбыльфэ иIыгъащ.

Архэст Арианнэ Анзор и пхъор здэщыIэм фыщыIыгъаззмэ, дыныволъэIу фыкъэпсэльэну мы телефонхэмкIэ: (886634); 4-11-11, 8-928-715-04-77, 8-905-437-02-37, 49-50-62, 02 е милицэм и Iуэхущ1апIэ нэхъ флэгъунэгъуэм хьыбар евгъэщIэну.

Фи цIэ-унэцIэр хэIущIыIу ящIынукъым икIи мыхьэнэ зиIэ хьыбарым мылъку пэкIуэнущ.

Iуащхьэмахуэ куэйм кIэ ОВД-м и Криминальнэ милицэм Уголовнэ къэльыхъуэныгъэмкIэ и къудамэм кьелъыхъуэ **Алчагиров Магомед Юсуп и къуэр**, 1980 гъэм гъатхэпэм и 21-м кьалъхуар, Къэбэрдей-Балькъэрым хьIхьэ Iуащхьэ-махуэ куэйм щыIэ Эльбрус жылагъуэм дэт уэнэ №1-м хэт 34-нэ фэтэрым щатхар;



Таучэш Аскэр Мухьэрбий и къуэр, 1975 гъэм шышхьэIум и 16-м кьалъхуар, Къэбэрдей-Балькъэрым хьIхьэ Iуащхьэ-махуэ куэйм щыIэ Эльбрус жылагъуэм дэт уэнэ №1-м хэт 22-нэ фэтэрым щатхар;

Маммеев Анатолий Рауф и къуэр, 1979 гъэм фокIадэм и 23-м кьалъхуар, Къэбэрдей-Балькъэрым хьIхьэ Iуащхьэ-махуэ куэйм щыIэ Эльбрус жылагъуэм дэт уэнэ №1-м хэт 64-нэ фэтэрым щатхар. 2010 гъэм щэкIуэгъуэм и 18-м сыхьэти 949 ВЛ 07 С къэрал номерыр зытелъ ВАЗ 2107 автомашинэ хужьым иси Налшык кIуэну дэкIащ икIи абыхэм я хэщIапIэр нобэр кьыздэсым кьахутакъым.



Къэлъыхъуэныгъэхэр щрагъэкIуэкIым зи гугъу тщIа автомашинэр мафIэм исауэ Бахьсэн куэйм хьIхьэ Дыгулыбгъуей къуажэм пэгъунэгъуэ къыщIагъуэтыжащ.

Ищхьэкlэ къэдгъэлъэгъуа цIыхухэм я хэщIапIэм щыгъазэ щыIэмэ, дыныволъэIу фыкъэпсэльэну мы телефонхэмкIэ: **40-49-10; 49-52-62; 49-50-62; 02** е милицэм и Iуэхущ1апIэ нэхъ флэгъунэгъуэм, хьыбар евгъэщIэну.

Фадэхэкl нэпцIыр нэхъ мащIэ мэхъу

КъБР-м щыIэ МВД-м Экономикэ щыныгъуэнщагъэмкIэ и Iуэхущ1апIэм Къэбэрдей-Балькъэрым хабзэм кьемыззгъыу фадэ нэпцI щагъэхьэззырыныр икIи ящыныр къыщыззныуэным теухуа Iуэхугъуэхэр ирегъэкIуэкI.

«ФАДЭ-2011» лэжьыгъэм хиубыдэу къэпщытэныгъэ 182-рэ ирагъэкIуэкIащ. Абыхэм ящыщу 10-р фадэ кьыщIэзыгъэкIхэм, 14-р зэуIуу изыгъэкI Iуэхущ1апIэхэм, 158-р сату щIыпIэхэм ехьэлIащ.

Абы ипкъ иткIэ, гъэпщкIуауэ зэрагъакIуэ этил спиртрэ фадэу литр 315273-рэ, абы щыщу этил спирт литр 260000-рэ, фадэ хьэзыру литр 55273-рэ федеральнэ маркэ хэхахэр темыльу, цIыхухэм и уэныщагъэмрэ и гъащIэмкIэ шынагъуэ зыпылъ фадэу литр 99,5-рэ кьуэтрахащ.

Административнэ хабзэр кьызэрызэпаудам ехьэлIауэ Iуэху 32-рэ кьалэтащ, абыхэм ящкъ иткIэ жэуапым цIыху 26-рэ ирашэлIащ.

А лэжьыгъэр щрагъэкIуэкIым щIэпхъаджагъэ 17 сэтей кьащIащ. Налшык щыIэ «Дубки» базэрным и сату щIыпIэ контейнерхэу №13-м, №28-м зым фадэ птулькIэ 699-рэ, адрейм 383-рэ федеральнэ маркэ хэхахэр темыльу кьыщIагъуэтащ. 5-нэ павильоным и сатуущIым маркэхэр темыльу хабзэншагъэкIэ ищу сом 53000-рэ зэуIуу изыгъэкI Iуэхущ1апIэхэм, 158-р сату щIыпIэхэм ехьэлIащ.

Хуит зыщI тхьыль ямыIэу, хабзэр кьызэпауду этил спиртэ кьэщIагъэкIыу Прохладнэ кьалэм кьыщыщIагъэщащ. Абы и пэшхэр кьыщапщытэм продукцэ хьэзыру тонн 26-рэ, зэлэжьыпхъэу тонн 620-рэ кьаГъуэтащ, а Iуэхущ1апIэм и унафэщIым илэжьащ УФ-м и УК-м и 171-1 статьям и 2-нэ Iыхьэм кьыщыгъэпльэгъуа щIэпхъаджагъэр.

Прохладнэ куэйм кIэ ОВД-м Экономикэ щIэпхъаджагъэхэм ебэныныкIэ и къудамэм и лэжьакIуэхэм Бахъсэн къэльыхъуэкIэ кIуэ «Прохладнэ - Азау» гъуэгум щаубыдащ федеральнэ маркэхэр зытемыльэ фадэхэкI птулькIэ 30000-рэ кIуэцIрызыш Х250ХХ 07 къэрал номерхэр зытелъ «МАН» автомашинэр.

Аруан куэйм кIэ ОВД-м и ГБЭП-м и лэжьакIуэхэм яубыдащ федеральнэ акциз нэцIкIэр зытелъ фадэ птулькIэ 40908-рэ «КамАЗ» автомашинэхэмкIэ яшэу икIи абы теухуа уголовнэ Iуэху къалэтащ

КъБР-м щыIэ МВД-м Экономикэ щIэпхъаджагъэхэм ебэныныкIэ и Iуэхущ1апIэм и унафэщI Табыхэу Аслъэнджерий кьызэрыджIамкIэ, а лэжьугъуэм адэкIи пащэнущ.

Къэрал кIуэцI Iуэхуэмкlэ и министерствэу КъБР-м щыIэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.

●Футбол

Джатэгъэжьри кърашэлIэж

Мы махуэхэм Тырким кьыкIэльыкIуэ зыгъэзэныгъэхэр щрегъэкIуэкI «Спартак-Налшыкым». Абы налшыкдэсхэм я тренерхэр щакIэлъэпльэ командэм кьыхагъэхьэн мурадкIэ кьрагъэблагъэхэм.

ХЪЫБАР кьызэрыгъэIэрыхьамкIэ, ди щIалэхэм я гъусэщ премьер-лигэм мы гъэм кьыхьхьа «Краснодар»-м щыджэгъуа Багаев Михаил. Ар краснодардэсхэм я командэм ильэсиплым нэблагъэуэ хэтщ икIи зы топ дигъэкIащ. Багаевыр ди деж щагъэджэгуным теухуа зэгурыIуэныгъэхэр «Краснодар»-мрэ «Спартак-Налшыкымрэ» зэращыIащ. Къущхьэмыщ1ауэ, Къэзан и «Рубин»-м налшыкдэсхэм бэджэнду кьаритыну хьэзырщ 2009 - 2010 гъэхэм Тэт эртаным и командэ нэхъыщхьэм хэту джэгуа гуащ1ауэ Портнягин Игоррэ гуащ1ыхьэхъуэмэныкъуэ Куликов Александррэ.

Мы гъэм премьер-лигэм щыджэгуну Iэмал зыгъуэта Новгород Ищхьэрэ и «Волга»-м ильэсрэ ныкъуэкIэ бэджэнду кьыдетыж абы нэгъэбэхэта ди лъахэгъу гуащхьэхуэмэ Джатэгъэжь Инал. Ар иджыпсту «Спартак-Налшыкым» и гъусэу Тырким щыIащ.

УЭРЫШ Нурхьэлий,
КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист.

●КъБР-м щыIэ МВД-м къет

●Еъэджэныгъэ

IэмалыщIэхэр къагъэсэбэп

Хъыбарегъащ1э Iэмалыщ1эхэр егъэджэныгъэ Iуэхущ1апIэхэм я лэжьыгъэм зэрыхапщэр. Интернетым зэрыпыщIар Прокладнэ куэйм и егъэджакIуэхэм хуабжьу сэбэп кьахуохьу я Iэщ1агъэм, щIэныгъэм хагъэхьэныкIэ, я гупсысэхэмкIэ дэжьзгъуэм адэгъэшэныкIэ.

ЕГЪЭДЖЭНЫГЪЭМКIЭ Прохладнэ район Iуэхущ1апIэм хъыбар кьызэрыдигъэщIамкIэ, 2010 гъэм егъэджакIуэхэм я процент 67-м Интернетыр кьагъэсэбэпащ. Нэхьыбэ дыдэу егъэджакIуэхэр зыпыщIар класс зэIуха, -балли 5-, уроки-нат сайтхэрщ, егъэджакIуэ пажэхэм я сетыращ.

Блэкlа ильэсым кьриубыдэу Егъэджэныгъэмкlэ Iуэхущ1апIэм и Iэщ1агъэлIэхэр, Сабий творчествомкIэ центрым щылажьхэр, Альтуд, Лесное, У чебное, Псынщокъуэ, Прималкинсюе, Дальнее кьуажэхэм я егъэджакIуэхэр хэ тащ тхылъэхэр зэрызэхэтын хуейр убзыхуным теухуа проектым, икIи абы хуэгъэпса форумхэм я Iуэху епIыкIкIэр кьыщIахьэтыжащ. А Iуэхум иджы япэу хэпсэльхьащ еджакIуэхэм я адэ-анэхэри.

ЛУПЫРЁВЭ Ириндз.

●Гу зылъытапхъэ

ЩIэныгъэлIхэр къыхах

Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и академием и Iуэхущ1апIэм - Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и академием и Къэбэрдей-Балькъэр щIэныгъэ центрым Прикладной математикэмрэ автоматизацэмкIэ и щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым конкурс иregъэкIуэкI мы кьыкIэльыкIуэ IэнатIэхэм щылэжьэнухэр къыхэхыным теухуауэ:

- математикэ моделхэр щIыныгъэ геофизикэ Iуэхуэмкlэ кьудамэм и щIэныгъэ лэжьакIуэ иэхьыжьу - 1 цIыху;
- уравненэ зэхэдзахэмкIэ кьудамэм и щIэныгъэ лэжьакIуэу -1 цIыху;
- бжьыпъэ кьутахуэхэмкIэ кьудамэм и щIэныгъэ лэжьакIуэу -1 цIыху.

ФыщIуэщIэ хьунущ мы адресымкIэ: 360000, КъБР, Налшык кьалэ, Шортэным и уэрам, 89 «а». Телефонхэр: 42-64-17, 42-66-61.

●Теплъэгъуэхэр

Налшык паркым.
Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Дунейпсо Адыгэ Хасэр, Къэбэрдей Адыгэ Хасэр, «Адыгэ псальэ» газетым, «Iуащхьэмахуэ» журналым, «Къэбэрдей-Балькъэр» къэрал телерадиокомпаниеми, «Къэбэрдей-Балькъэр» зыгъэлъагъуэ телевизионнэ канал» къэрал Iуэхущ1апIэм я лэжьакIуэхэр ЩIР-м щыщ жылагъуэ лэжьакIуэ цIрыIуэ **Уэхъутэ Александр Жамырз и къуэм** хуогъазэ абы и щыпхъу **Къэбэрдей (Уэхъутэ) КIунащэ Жамырз и пхъор** дунейм зэрехыжамрэ и адэ кьуэшым и къуэ, милицэм и прапорщик **Уэхъутэ Заурбэч Фуэд и къуэр** зэрауIамрэ кьыхэжIыу.

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ЖЪЭКIЭМЫХЪУ Маринэ

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Хъэфыщ1э Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), **Жылаес Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущIо Зариф, Истэнан Залинэ, Кьардэн Маритэ, Хьэжыкьарэ Алик.**

ДИ ХЭЩIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэ, Налшык кьалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, егъэуанэ - епщIанэ кьатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхуэхэмкlэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэмэ Iуэхущ1апIэхэм ядэлэжьэныкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ писымэхэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; здэщыIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ1апIэм - 42-26-41; сурэтхэм - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм ящыщ бжьыгъэхэм, кьыщIэтэ Iуэхугъуэхэм я пэжагъэмкIэ аэр зытхаэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епIыкIэр зэтеуэ зэпыту щытхьэм.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьынкIи и щIэ дольщ КъБР-м федеральнэ пошт зэныщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр щрыкIэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м. Тел.: 42-69-34

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №П-0065-м щIэту ятхащ.

Зы ильэсым газетыр 250-р кьыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытыгъэщ. КъБР, Налшык кьалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Эллэ, редактору Хьэжыкьарэ Алик, корректорхэу Афэ Тамарэ *(1, 4-нэ нап.)*, Щоджэн Инэ *(2, 3-нэ нап.)*, Компьютеркlэ гагетым и теплъэр ящIащ Ныр Сэндэр Мэлбахъуэ Анжелэрэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жанэщ.

Номерыр «Адыгэ псальэм" и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 9.233 ●Заказ №319